

**IMPLIKATUR WACANA DHAT NYENG WONTEN ING
KALAWARTI DJAKA LODHANG WARSA 2013**

SKRIPSI

Kaaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar

Sarjana Pendidikan



Dening:

AHMAD FURQON

09205244076

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Implikatur Wacana Dhat Nyeng wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang Warsa 2013*" menika saged dipunujiaken awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, Oktober 2013
Pembimbing I





Drs. Hardiyanto, M.Hum
NIP. 195611301984111001

Yogyakarta, Oktober 2013
Pembimbing II

Drs. Mulyana, M.Hum
NIP. 196610031992031002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Implikatur Wacana Dhat Nyeng wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang Warsa 2013* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 15 November 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		November 2013
Drs. Mulyana, M.Hum.	Sekretaris Penguji		November 2013
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	Penguji I		November 2013
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji II		November 2013

Yogyakarta, November 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani

NIP.19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Ahmad Furqon**

NIM : 09205244076

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 14 November 2013

Panyerat



Ahmad Furqon

SESANTI

Katresnan paring kula kagunan

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih ingkang sampun paring
panyengkuyung saha donga pangestu.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, kabegjan, saha kabagyan satemah skripsi kanthi irah-irahan “*Implikatur wonten ing Majalah Djaka Lodhang Warsa 2013*”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. Skripsi menika minangka salah satunggaling sarat pikantuk gelar Sarjana Pendidikan.

Panyerat nyuwun agunging panuwun dhumateng Bapak Hardiyanto, M. Hum minangka pembimbing I saha Bapak Mulyana, M. Hum minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmi ingkang migunani saengga skripsi menika saged dipunpungkasi kanthi sae.

Atur panuwun ugi panyerat aturaken dhateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd. MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring kalodangan kangge kula ing UNY menika;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, ingkang paring idin damel skripsi menika;
3. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
4. Ibu Nurhidayati, M. Hum minangka dosen pembimbing akademik ingkang tansah paring bimbingan saha pamrayogi salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat;
6. Staff karyawan FBS UNY ingkang sampun mbiyantu tumrap panyerat;
7. Bapak Tulus, Ibu Wasilah, Mbak Dju, Mas Agus, Mba Sri, Mba Tuning, Mas Bowo, Mba Hastin, ingkang sampun paring panjurung saengga tansah tatag teteg satemah tutug tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun;

8. Kanca-kanca kelas H / 2009 saha kanca-kanca kontrakan CJ '09 ingkang sampun paring panjurung anggenipun nyerat skripsi menika;
9. Kanca- kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sadaya pihak ingkang sampun mbiyantu boten saged kula sebutaken sadaya, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Skripsi menika tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi.

Yogyakarta, 15 November 2013

Panyerat



Ahmad Furqon

WOSING ISI

	kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis.....	5
C. Watesaning Perkawis.....	6
D. Wosing Perkawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten.....	7
G. Watesaning Istilah.....	8
BAB II GEGARAN TEORI	10
A. <i>Andharan Teori</i>	10
1. <i>Pragmatik</i>	10
2. Konteks.....	14
3. <i>Tindak tutur</i>	20
a. Tindak Lokusi.....	20
b. Tindak Ilokusi.....	20

c. Tindak Perlokusi.....	21
4. Unsur-Unsur Wacana.....	22
a. Unsur Internal Wacana.....	22
1. Tembung saha Ukara.....	23
2. Teks saha Konteks.....	24
b. Unsur Eksternal Wacana.....	24
1. <i>Implikatur</i>	24
2. Presuposisi.....	24
3. Referensi.....	25
4. Inferensi.....	25
5. Konteks.....	25
5. Implikatur.....	26
a. Pangertosan Implikatur.....	26
b. Ginanipun konsep Implikatur.....	27
c. Jinising implikatur.....	31
1. Implikatur Konvensional.....	31
2. Implikatur Non Konvensional.....	32
d. Wujud implikatur.....	34
1. Ukara Pawarta	34
2. Ukara Pitaken.....	35
3. Ukara Prentah.....	35
4. Ukara Seru.....	36
6. wacana Dhat Nyeng.....	36
a. Pangertosan Wacana.....	36
b. Pangertosan Wacana Dhat Nyeng.....	37
B. Panaliten ingkang Jumbuh.....	37
C. Nalaring Panaliten.....	38
BAB III CARA PANALITEN.....	41
A. Jinising Panaliten.....	41
B. Data saha Sumbering Data.....	41

C. Caranipun Ngempalaken Data.....	43
D. Pirantining Panaliten.....	43
E. Metode Analisis Data.....	45
F. Caranipun Ngesahaken Data.....	47
BAB IV PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	49
A. Asiling Panaliten.....	49
B. Pirembagan.....	55
Ginanipun Implikatur saha Tumindak ing Wacana Dhat Nyeng Kalawarti Djaka Lodhang Warsa 2013.....	55
1. Sindiran.....	55
a. Sindiran kangge Pamerentah.....	56
b. Sindiran kangge DPR.....	58
c. Sindiran kangge Aparat.....	59
d. Sindiran kangge KPK.....	60
e. Sindiran kangge Parpol.....	62
f. Sindiran kangge Ormas.....	63
2. Kritik.....	65
a. Kritik kangge Pamerentah.....	65
b. Kritik kangge DPR.....	66
c. Kritik kangge KPK.....	67
d. Kritik kangge Aparat.....	69
3. Saran.....	70
4. Pangajab.....	71
BAB V PANUTUP.....	72
Dudutan.....	72
Pamrayogi.....	73
Implikasi.....	73
KAPUSTAKAN.....	75
LAMPIRAN.....	77

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1: Analisis Data.....	43
Tabel 2: Ginanipun <i>Implikatur</i> saha Tumindaking <i>Implikatur</i> wonten ing Wacana <i>Dhat Nyeng Kalawarti Djaka Lodhang</i> warsa 2013.....	50
Tabel 3: Analisis Ginanipun <i>Implikatur</i> saha Tumindaking <i>Implikatur</i> wonten ing Wacana <i>Dhat Nyeng Kalawarti Djaka Lodhang</i> Warsa 2013.....	78

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Analisis Ginanipun Implikatur saha Tumindak Implikatur wonten ing Wacana Dhat Nyeng Kalawarti Djaka Lodhang warsa 2013.....	75

**IMPLIKATUR WONTEN ING WACANA DHAT NYENG KALAWARTI
DJAKA LODHANG WARSA 2013**

Dening: Ahmad Furqon

NIM 09205244076

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika ngandharaken ginanipun *implikatur* saha *implikatur perlokusi* utawi tumindak *implikatur* ingkang kaserat wonten ing wacana Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang warsa 2013. Panaliten menika ngandharaken ginanipun *implikatur* lan panganggening *implikatur* wonten ing salebeting kalawarti kasebat ingkang dipunginakaken redaktur anggenipun nyerat.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Data ing panaliten menika awujud ginanipun *implikatur* saha tumindak *implikatur*. Sumber datanipun inggih menika kalawarti Djaka Lodang warsa 2013. Panaliten menika dipuntliti kanthi *analisis pragmatik*. Caranipun ngempalaken data inggih menika kanthi teknik maos saha teknik nyathet. Data dipunanalisis ngginakaken *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken ginanipun *implikatur* saha panganggening *implikatur* ingkang dipunginakaken wonten ing wacana Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang warsa 2013. Kangge manggihaken *validitas* data ngginakaken *validitas reverensial*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas* dhata ngginakaken *reliabilitas* dhata saha *realibilitas intrarer*.

Asiling panaliten menika ngandharaken ginanipun *implikatur* saha tumindak *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang warsa 2013*. Ginanipun *implikatur* ingkang dipunpanggihaken inggih menika (1) ginanipun *implikatur* bab sindiran, saha tumindak *implikaturipun* inggih menika kangge ngritik tiyang utawi lembaga kanthi boten langsung, (2) ginanipun *implikatur* bab kritikan, tumindak *implikatur* inggih menika kangge ngritik tiyang utawi lembaga kanthi langsung, (3) ginanipun *implikatur* bab saran, tumindak *implikaturipun* inggih menika kangge paring sumbangsih penggalih supados saged paring kasejahteraan sesarengan, (4) ginanipun *implikatur* bab pangajab, tumindak *implikaturipun* inggih menika pangajab supados langkung sae malih.

Pamijining tembung: *implikatur, wacana Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodang warsa 2013*, ujian mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih menika perangan ingkang wigati wonten ing pagesangan manungsa. Basa ingkang dipunginakaken kangge piranti sambung gunem saged dipunginakaken wonten ing wujud sambung gunem langsung (lisan) saha sambung gunem boten langsung (kaserat). Wonten ing pagesangan menika ginanipun basa ingkang awujud sambung gunem boten langsung saged dipunpangghi wonten ing *ariwarti*. *Ariwarti* inggih menika salah satunggaling piranti *alternative* manungsa kangge paring *informasi* saha kangge piranti sambung gunem.

Ariwarti minangka kangge sarana sambung gunem *tulis* utawi sambung gunem boten *langsung* gadhah jinis ingkang manekawerni. Tuladhanipun inggih menika awujud kalawarti, kalawarti inggih menika salah satunggalipun piranti *alternatif* kangge suka *informasi*. awit saking *perkembangan teknologi* wonten ing zaman menika, kalawarti ingkang wonten ing *pasaran* menika gadhah nami ingkang manekawerni. Awit saking kalawarti ingkang gadhah nami ingkang manekawerni menika, wonten kalawarti ingkang ngginakaken Basa Indonesia

utawi kalawarti ingkang ginakaken Basa Jawi, salah satunggalipun kalawarti ingkang ngginakaken Basa Jawi inggih menika kalawarti *Djaka Lodhang*.

Kalawarti *Djaka Lodhang* inggih menika kalawarti ingkang ngginakaken Basa Jawi saha ugi kathah ngewrat babagan ingkang manekawerni, inggih menika pawarta, iklan saha *informasi-informasi* sanesipun. kalawarti menika ugi gadhah salah satunggal *rubrik* awujud wacana ingkang langkung narik kawigatosan pamaos, saha wonten ing kalawarti Djaka Lodhang wonten seratan *implikatur* kados dene ing *Dhat Nyeng* kangge sumbering data ingkang boten wonten ing kalawarti sanes.

Wacana ingkang narik kawigatosan pamaos wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* inggih menika wacana *Dhat Nyeng*. Wacana *Dhat Nyeng* inggih menika wacana ingkang narik kawigatosan amarga saking *stuktural*, wacana *Dhat Nyeng* menika gadhah *kekhasan* saha *unik* menawi dipunbandingaken kaliyan kolom sanesipun, tuladhanipun inggih menika tajuk rencana. *Dhat Nyeng* paring salah satunggaling pawarta, salajengipun dipunparingi *tanggapan* utawi komentar saking *redaktur* kalawarti menika. Sanesipun amarga *Dhat Nyeng* menika boten ajeg saha boten *konsisten* mula dipundadosaken sumbering panaliten amargi gadhah gayutanipun *implikatur* ingkang gadah maksud ingkang boten langsung.

Wacana *Dhat Nyeng* narik kawigatosan pamaos, amarga basa ingkang dipunginakaken inggih menika ngandut ukara *implikatif*. Ukara *implikatif* inggih menika ukara ingkang gadhah teges wonten ing sawingkingipun ukara ingkang dipunandharaken. Ukara *implikatif* menika dipunrembag wonten ing salebetipun ngelmi *pragmatik*.

Pragmatik minangka kajian *struktural eksternal* basa menika neliti *aspek* panganggening basa wonten ing *situasi kongkrit* (Wijana:2011). *Situasi kongkrit* inggih menika salah satunggaling tuturan ingkang dipuntingali kangge produk tindak tutur ingkang cetha konteks *lingual* saha konteks *ekstralingual*ipun (konteksipun). Tuladhanipun tuturan ingkang ngginakaken konteks *ekstralingual* inggih menika “rambutmu ireng menges-menges” konteks *ekstralingual* saking tuturan ingkang dipunandharaken ing nginggil inggih menika salah satunggaling tiyang estri ingkang gadhah pangajab gadhah rikma ijem ingkang sae. Awit saking tuturan menika, penutur muji salah satunggaling tiyang estri ingkang gadhah rikma ingkang ijem menges-menges.

Konteks *ekstralingual* dipunginakaken kangge nggambangaken maksud penutur ingkang wonten ing salebeting ujaran. Makna ingkang wonten ing salebetipun tuturan inggih menika *implikatur*. *Implikatur* boten namung wonten ing sambung gunem padintenan kemawon, nanging ugi saged dipunpangghi wonten ing *ariwanti*. *Implikatur* menika uga saged dipunperang dados kalih, ingkang kaping setunggal inggih menika *implikatur konvensional* saha ingkang kaping kalih inggih menika *implikatur non konvensional*.

Implikatur konvensional inggih menika makna saking salah satunggaling ujaran ingkang kanthi *konvensional* utawi kanthi umum ingkang dipunginakaken wonten ing masyarakat. Menawi *implikatur non konvensional* inggih menika ujaran ingkang ngandharaken babagan ingkang beda kaliyan ingkang leresipun Grice (lumantar Rohmadi 2008: 60).

Tuladha panganggening *implikatur* saged dipunpanggihi wonten ing wacana *Dhat Nyeng. Komentar* ingkang kaserat ing wacana *Dhat Nyeng* langkung ngandaraken *sindiran* utawi *kritikan* ingkang dipunkajengaken kangge *pihak-pihak* tartemtu. Nalika ngandaraken *kritikan* utawi *sindiran* wonten ing komentar *Dhat Nyeng* menika, ukara ingkang kasusun boten namung tuturan kanthi langsung ingkang dipunaturaken kangge pihak-pihak tartemtu saha jumbuh kaliyan *komentar* kemawon. Nanging, wonten ugi salah satunggal makna tuturan ingkang *tersirat* utawi *pesan* ingkang *tersembunyi* wonten ing *komentar* menika.

Nalika ngandaraken komentar-komentar *Dhat Nyeng* ingkang gadhah ancas nyindir, ngritik, utawi ngece, redaksi manfangataken *aspek-aspek kebasaaan* saha manekawerni wujud tuturan nalika ngandaraken bab menika. Tuladhanipun awujud ukara pawarta, ukara pitakon, ukara prentah, ukara seru. anggenipun manfangataken *aspek kebasaaan* saha wujud tutur (*modus kalimat*) menika gadhah ancas supados *komentar* boten katingal nyindir sanget, utawi dipundamel supados katingal alus lan lucu komentar menika.

Tuladhanipun *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* saged dipunandharaken kados wonten ing ngandhap menika:

- (+) Utange Indonesia siki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka Desember 2012.
- (-) Kendel utang. (Djaka Lodhang/01-01062013)

Saking tuladha wacana *Dhat Nyeng* ing inggil kaperang dados kalih, inggih menika elemen situasi (+) saha sentilan (-). Wonten ing wacana *Dhat Nyeng* menika ngandharaken bilih utangipun Indonesia inggih menika Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saking sasi Desember 2012. Sentilan ingkang kaserat

saking pawarta menika ngandhut gunanipun *implikatur*, inggih menika ginanipun implikatur kangge ngritik. *Implikatur* menika kaserat wonten ing ukara kendel utang.

Kendel utang saking ukara sentilan wonten ing nginggil menika gadhah teges wantun utang. Ukara sentilan konteks wacana ing nginggil menika ngandut maksud kritik kangge pamerintah ingkang damel kebijakan nambah utang Indonesia. Kritikan inggih menika *celaan* ingkang langsung dipunaturaken dhateng sinten kemawon ingkang dipuntuju, inggih menika pamerintah wonten ing bab menika.

Implikasi perlokusi utawi tumindak ing *implikatur* saking sentilan konteks wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* wonten ing nginggil inggih menika pamerintah kedah ngirangi utang Indonesia, supados utang Indonesia boten nambah malih amarga saya nyengsaraken masyarakat.

Panaliten kangge *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* kedah dipunlaksanakaken, amarga dereng kathah panaliten ingkang ngrembag bab *implikatur*, menapa malih *implikatur* wacana *Dhat Nyeng* Basa Jawi. Mula kanthi ngginakaken *pendekatan pragmatik*, kajian *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* saking kalawarti *Djaka Lodhang* edisi taun 2013 dipunlaksanakaken. Panaliten menika badhe njlentrehaken *implikasi-implikasi* adhedhasar saking konteks ingkang kaserat wonten ing kolom *rubrik Dhat nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* taun 2013 kanthi mundhut sempel saking kalawarti *Djaka Lodhang* edisi sasi Juli 2013 dumugi sasi Agustus 2013.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil menika, saged dipundhapuk underaning perkawis kados mekaten.

1. Jinising *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang* warsa 2013.
2. Makna *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang* warsa 2013.
3. Ginanipun *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang* warsa 2013.
4. Tumindaking *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang* warsa 2013.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis wonten ing nginggil, mboten sedaya perkawis badhe dipunrembag wonten ing panaliten menika. Panaliten menika dipunwatesi perkawis

1. Menapa kemawon ginanipun *implikatur* ingkang medal wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang warsa 2013*.
2. Kados pundi tumindaking *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti djaka lodhang warsa 2013*.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar saking watesaning perkawis ing nginggil menika, mula saged dipundamel wosing perkawis wonten ing panaliten kados mekaten.

1. Menapa kemawon ginanipun *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013?
2. Kados pundi tumindaking *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013?

E. Ancasing Perkawis

Adhedhasar saking wosing panaliten ing nginggil punika, wonten ancasing perkawis ingkang khusus wonten ing panaliten, inggih menika:

1. njlentrehaken ginanipun *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013;
2. njlentrehaken tumindaking *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013;

F. Paedahing Panaliten

Asilipun panaliten menika wonten kalih, inggih menika paedah panaliten *teoritis* saha *praktis*. Awit saking menika, panaliten dipunkajengaken gadhah paedah kados mekaten.

1. Teoretis

Panaliten menika mugi saged mbyantu paring ngelmi ingkang trep kangge mangertos makna wacana. Inggih menika wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013. Kejawi bab menika, panaliten menika

saged nambahi kawruh bab panelitan ingkang wonten gayutanipun kaliyan basa, ingkang mliginipun panganggening *pragmatik*.

2. Praktis

Asiling pirembaran bab menika kaangkah supados saged suka kontribusi kangge pendidikan. Panaliten menika saged maringi *informasi* utawi *wawasan* ingkang trep, inggih menika tembung-tembung ingkang kagolong *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013. Paedah *praktis* sanesipun inggih menika saged dados *referensi* kangge panaliten sanesipun ingkang ngrembag babagan *pragmatik*.

G. Watesaning Istilah

Supados *persepsi* boten klentu wonten ing panaliten menika, pramila dipunrumusaken watesaning istilah kados ing ngandhap menika.

1. *Implikatur* inggih menika tembung ingkang mboten saged dipunandharaken langsung utawi tembung ingkang gadhah sipat saking salah satunggaling pitutur ingkang dipunandharaken dening *penutur* kangge *mitra tutur*. Utawi tembung ingkang gadhah makna wonten ing sajroning tembung ingkang dipunandharaken.
2. Wacana *Dhat Nyeng* inggih menika salah satunggal saking wosing kalawarti *Djaka Lodhang* ingkang ngrembag bab awujud satunggal utawi kalih tembung saha wosing saking tembung menika gayut kaliyan kahanan lan kadadeyan wonten ing masyarakat menika.

3. *Djaka Lodhang* inggih menika salah satunggal kalawarti Basa Jawi ingkang sampun wonten saking 1 juni 1971. Kalawarti menika *memuat tentang* cariyos, antawisipun cariyos rakyat, cariyos wayang, cariyos jawi, lan sanesipun. Ugi wonten pawarta saking tlatah ngayogyakarta, profil pendidikan/ riwayat, petungan dinten, petungan neptu primbon, lan sanesipun.
4. *Implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* edisi warsa 2013 inggih menika *makna* ingkang dipunandharaken boten kanthi langsung wonten ing mjalah *Djaka Lodhang*, saha dipunanalisis kanthi analisis konteks kahananipun.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Andharanipun Teori

1. Pragmatik

Tembung *Pragmatik* menawi dipuntingali saking kamus *linguistik* gadhah teges inggih menika *aspek-aspek* panganggening basa utawi *konteks* saking sanesipun basa ingkang paring sumbangsih kangge *makna* tuturan (Kridalaksana: 1993). Pangertosan ing nginggil menika ngandharaken bilih pragmatik inggih menika ngelmi panganggening basa saking basa sanes ingkang gadhah gayutanipun kaliyan makna tuturan. Wonten ing panaliten menika pragmatik dipunginakaken kangge nganalisis tembung *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013

Charles Morris (lumantar Suwandi: 2008) ngandharaken istilah *pragmatik* minangka salah satunggaling bidang kajian *semiotik*. Miturut piyambakipun *semiotik* menika dipunperang dados 3, inggih menika: (1) *sintaksis*, inggih menika salah satunggal *telaah* ingkang gadhah gayut kanthi *formal* saking tanda-tanda satunggal kaliyan sanesipun. (2) *semantik*, inggih menika salah satunggaling *telaah* gayutanipun tandha-tandha kaliyan obyek-obyek minangka *wadah penerapan* tandha-tandha menika. Sanesipun (3) *pragmatik*, inggih menika salah satunggaling *telaah* gayutanipun tandha-tandha kaliyan para *penafsir* utawi pangangge *pragmatik* menika.

Miturut Tarigan (1987: 34) boten beda kaliyan pangertosan sanesipun bilih *pragmatik* inggih menika *menelaah* makna kaliyan situasi ujaran ingkang gadhah

gayutanipun. Nalika *nelaah* swanten tuturan, pamireng langkung gampil mangertos maksud tuturan menika menawi dipunucapaken.

Saking pangertosan ing nginggil saged dipunpikantuk dudutan bilih *pragmatik* inggih menika salah satunggaling *telaah* ingkang gadhah gayutanipun tandha-tandha kaliyan pangangge *pragmatik*. Tegesipun *nelaah* makna menika ingkang wonten gayutanipun kaliyan *situasi* ujaranipun.

Miturut Cruse (lumantar Cummings 2007: 2) ngandharaken bilih *pragmatik* menika wonten gayutanipun kaliyan *aspek-aspek informasi* ingkang dipunandharaken kanthi ngginakaken basa ingkang (a) boten *dikodekan* dening *konvensi* ingkang dipuntanpi wonten ing wujud-wujud *linguistik* menawi dipunginakaken. Nanging ingkang (b) ugi medal kanthi *alamiah* miturut saking makna-makna ingkang *dikodekan* kanthi *konvensional* saha ngginakaken *konteks* wonten ing panggening wujud-wujud menika. Saking pamanggih ing nginggil saged dipuntegesi bilih panaliten *pragmatik* kedah dipunandharaken kanthi ngginakaken basa ingkang boten *dikodekan* dening *konvensi* saking wujud *linguistik*. *Makna-makna* ingkang kaserat kanthi *konvensional* kedah *alamiah* saha ngginakaken *konteks* kangge panganggening wujud-wujud menika.

Nababan (1987: 2) ngandharaken bilih *pragmatik* inggih menika perangan kangge ngginakaken basa, inggih menika milah wujud basa saha nemtokaken maknaipun ingkang wonten gayutanipun kaliyan ancas panutur saha ingkang trep kaliyan konteks saha kahananipun.

Yule (2006: 3) ngandharaken bilih *pragmatik* inggih menika *studi* makna ingkang dipunandharaken dening panyerat (penutur) saha dipun~~tafsir~~*tafsiraken* dening

pamireng (pamaos), pamireng *nafsiraken* tuturan penutur saengga saged pikantuk makna, maksud, ancas saking penutur. Pungkasaning pamireng mangertosi maksud *penutur* salajengipun saged dipunmangertosi jinising tumindak ingkang kedah dipunlaksanakaken dening pamireng (*pendengar*). Mula ingkang dados *pusat* kawigatosan saking *pragmatik* inggih menika maksud *penutur* ingkang wonten ing salebetipun tuturan ingkang dipunandharaken. *Pragmatik* inggih menika *study* makna ingkang dipunandharaken saking penutur (utawi panyerat) saha dipun*tafsiraken* dening *pendengar* (utawi pamaos). *Study* menika kathah gayutanipun kaliyan *analisis* babagan menapa ingkang dipunsebataken dening tiyang kanthi tuturan-tuturanipun katimbang makna *terpisah* saking tembung utawi *frase* ingkang dipunginakaken wonten ing tuturan menika/ *pragmatik* inggih menika *studi tentang maksud penutur*.

Awit saking pamanggih-pamanggih ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih *pragmatik* menika perangan ingkang kangge ngginakaken basa dening panyerat saha dipun*tafsiraken* kangge pamireng saengga saged mangertos menapa ingkang dados maksud, makna saha ancas saking panyerat (penulis).

Miturut Levinson (lumantar Nababan 1987: 2) *pragmatik* menika gadhah pangertosan:

1. *Pragmatik* inggih menika *kajian* bab kesagedan ngangge basa saha nggayutaken tembung-tembung kanthi konteks-konteks ingkang jumbuh kaliyan tembung-tembung menika.

2. *Pragmatik* inggih menika neliti kesagedan panganggening basa nalika nggayutaken tembung-tembung kaliyan *konteks-konteks* ingkang trep kangge tembung-tembung menika. Awit saking pangertosan ing nginggil menika saged dipunpikantuk dudutanipun bilih miturut Levinson, *pragmatik* menika ngrembag caranipun panganggit neliti bab kesagedan ngangge basa saha nggayutaken tembung-tembung menika ingkang jumbuh kaliyan konteks.

Nababan (1987: 2) ngandharaken bilih wonten ing *interaksi kebasaaan* menika, gadah faktor ingkang wonten gayutanipun kaliyan ingkang awujud *komponen* saking sambung gunem *kebasaaan*. *Perangkat-perangkat* menika saged dipungambaraken kanthi prasaja kados mekaten. Wujud basa inggih menika kasil saking *pertimbangan saha penghubungan situasi, konteks* saha maksud sambung gunem. Kanthi rumus, saged dipungambaraken gayutanipun kados menika:

$$\mathbf{M + S/K = B}$$

Katrangan:

M : maksud, pesan, makna

S : situasi (sinten, wonten pundi, kapan, gayutanipun peran)

K : konteks (kebudayaan, pengalaman bersama, pengharapan)

B : wujud basa(sub ragam basa)

Adhedhasar saking pangertosan *pragmatik* saking wonten ing nginggil menika saged dipunpikantuk dudutanipun, bilih *pragmatik* inggih menika lawan tuturan, kesagedan pangangge basa nalika nggayutaken tembung-tembung kaliyan *konteks-konteks* ingkang trep kangge mangertosi tembung-tembung menika,

saengga ngasilaken *informasi* ingkang langkung cetha saha jumbuh kaliyan *situasi ujaran*. Mula ingkang dados *pusat* kawigatosan saking *pragmatik* inggih menika maksud *penutur* ingkang wonten ing salebetipun *tuturan* ingkang dipunandharaken wonten ing wacana *Dhat Nyeng*.

Implikatur wonten ing wacana *Dhat Nyang* menika kathah ngginakaken panganggening basa ingkang ngandut makna wonten ing sawingkingipun tuturan ingkang dipunandharaken. Mula panaliti ngginakaken kajian *pragmatik* amarga wonten gayutanipun kaliyan panganggening basa, inggih menika milah basa saha salajengipun nemtokaken maknaipun ingkang wonten gayutanipun kaliyan ancasing penutur ingkang jumbuh kaliyan konteks.

2. Konteks

Mulyana (2005: 21) ngandharaken bilih konteks inggih menika *situasi* utawi *latar* ingkang dadosaken salah satunggaling sambung gunem. Konteks saged dipunginakaken kangge sebab utawi alasan dadosaken salah satunggaling kondha/dialog. Sedaya ingkang gadhah gayutanipun kaliyan pitutur, menapa menika gadhah gayutanipun kaliyan pangertosanipun, ancasing *informasinipun* menika, ingkang langkung jumbuh kaliyan konteks dhasaring perkawis pitutur menika. Saking pamanggih ing nginggil menika ngandharaken bilih konteks inggih menika situasi ingkang dadosaken sambung gunem saha dipunginakaken kangge sebab utawi alasan dadosaken *dialog*.

Kridalaksana (1993) ugi paring sumbang sih wonten ing pangertosan konteks, bilih pangertosan konteks inggih menika sami kaliyan sanesipun.

Konteks inggih menika salah satunggaling ukara ingkang saged nambah cethanipun *makna*. Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpikantuk dudutanipun bilih konteks inggih menika ukara ingkang langkung damel nambah cethanipun tembung ingkang dipunandharaken.

Imam Syafi'ie (lumantar Rani, dkk.,2006: 190) merang *konteks* nalika kawontenan *percakapan* menika dados 4, inggih menika kados ing ngandap menika.

1. Konteks *fisik (physical context)* inggih menika ingkang kalebet panggenan dumadinipun panganggening basa wonten ing salah satunggaling sambung gunem.
2. Konteks *epistemis (epistemic context)* inggih menika dhasaring ngelmi ingkang sami-sami dipunmangertosi dening *penutur* utawi *mitra tutur*.
3. Konteks *linguistik (linguistic context)* inggih menika ingkang awujud saking tembung-tembung/*ujaran-ujaran* ingkang nglajengaken saha nderekaken *ujaran* wonten ing salah satunggaling kagiyatan sambung gunem.
4. Konteks *sosial (social context)* inggih menika *relasi sosial* saha panggenan (*setting*) ingkang njangkepaken gauyutanipun saking *mitra penutur* saha *mitra tutur*.

Wonten ing *interaksi linguistik*, wonten perangan-perangan ingkang gadhah ancas wonten ing kadadosan menika. Miturut Hymes (lumantar Djajasudarma 2012: 25), *konteks* menika kalebet saking mapinten-pinten *aspek* ingkang wonten ing salebeting tuturan. Wonten ing *terminologi Hymes*, *aspek-aspek* konteks dipuncakakaken dados salah satunggaling *akronim* inggih menika

SPEAKING. Saben-saben aksara ngandut pangertosan piyambak-piyambak kados ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika:

S: *setting and scene*, kalebet saking *latar fisik* saha *latar psikis*(swasana). *Setting* ngandut pangertosan papan saha wekdal kadadosan sambung gunem. *menawi scene* inggih menika ngandut pangertosan *swasana psikologis* ingkang *menyertai* kadadosan sambung gunem. Bedanipun papan, wekdal saha *swasana* tuturan ingkang nyebabaken wonten ing *variasi* basa.

Tuladhanipun:

Sore iki rasane kaya tintrim lan sepi, sawise udan deres sekesuk jepluk nganti sedina muput prasasat ora leren ngrujuk bumi ing sudimara kene. Pak Taryana sing sedina-dinane ngasta guru ing Tamanagung katon lagi ibut mbenakake saperangan gendheng ing mlorot jalaran kebak uwuh sing katut ilining banyu lan katrejang angin sing ngancani udan wiwit esuk lan lagi wae terang sore iki.

“Pak ngati-ati,” aloke Bu Taryana karo ngujengi andha.
“He em,” cekak aos Pak Taryana aweh wangsulan.

(Djaka Lodhang 2013: 20)

Wacana saking ing nginggil menika paring *informasi* kawontenan saha swasana ing kaluwarga adhedhasar konteks panggenan, wekdal saha kawontenanipun *psikologis partisipan*. *Setting* saking wacana menika wonten ing griya saha *scene* mbenakaken gendheng.

P: *participant*, kalebet saking penutur(*sender*) lawan tutur(*addreser*) saha pamireng (*audience*), saha tiyang ingkang *dibicarakan*. *Aspek-aspek* ingkang jumbuh saking bab menika, kadosta *status sosial*, tingkat pandidikan saha yuswo. Ugi nderek dados dhasar pamanggih kangge penutur nalika ngandharaken tuturan.

Tuladhanipun:

Aku pengin munggah kursi.

Menawi ingkang ngandharaken tuturan ing nginggil menika pejabat/*politisi*, mula ingkang dipunmaksud “munggah” inggih menika munggah jabatanipun dados DPR utawi menteri. Nanging maknanipun beda nalika tuturan menika dipunandharaken dening lare alit ingkang saweg mundhut menapa ingkang panggenanipun wonten ing nginggil, inggih menika “ munggah wonten ing kursi menika”.

E: *end*, kalebet saking kasil ingkang dipunpangajapaken (*ends as autcomes*) saha ancas ingkang dipunlampahi(*ends in view goals*). Saben penutur gadhah pangajab supados kasil tanggepan saking *pesan* ingkang dipunandharaken kanthi trep kaliyan ancas nglampahi tuturan. Ancas penuturan menika gadhah gayutanipun kaliyan ginanipun basa.

Tuladhanipun:

Peristiwa tutur wonten ing ruang pengadilan ingkang gadhah ancas kangge pungkasani prakara, nanging *partisipan* wonten ing *peristiwa* tutur menika gadhah ancas ingkang beda. Jaksa badhe nggambangaken kalepatan saking *si terdakwa*, *pembela* badhe nggambangaken nalika *si terdakwa* boten lepat, saha sanesipun hakim ingkang paring *keputusan* ingkang adil (Chaer lan Leonie 2004: 49)

A: *act*, kalebet saking wujud *pesan*(*message form*) saha wosing *pesan*(*message content*). Wosing *pesan* dipunandharaken kanthi ngginakaken wujud *pesan*. *Pesan* saged awujud *lokusi*, *ilokusi* saha *perlokusi* kangge tindak bebasan. Wujud *pesan* ingkang dipunpilih penutur dipuntemtuaken kaliyan wosing *pesan* ingkang badhe

dipunandharaken, saha ugi saged nemtuaken kasil utawi tanggepan ingkang dados pangajab saking lawan tutur.

Tuladhanipun:

Nalika wonten tiyang ingkang ngandharaken tuturan ”aku donga lulus ujian dadi direktur” mula tiyang menika namung ngandharaken wosing *pesan* kemawon. Nanging menawi tiyang menika ngandharaken. Aku donga “moga lulus ujian dadi direktur” mula tiyang menika ngandharaken wosing *pesan* inggih menika babagan dedonga *sekaligus* ngutip wujud *pesan* inggih menika bagian tembung “moga lulus ujian dadi direktur!” wosing *pesanipun* inggih menika menapa donganipun, wujud *pesanipun* inggih menika kados pundi dedonga menika.

K: *key*, inggih menika *nada*, *sikap*, swasana utawi *semangat* ingkang *menunjukkan tingkat formalitas pembicaraan*. Tuladhanipun: kedeping netra, *gerak tangan*, *gerak awak*, saha *gaya pakaian*.

I: *instrumentalities*, kalebet wonten ing salebeting *channels* (saluran ingkang dipunpilih) saha *form of speech* (wujud tuturan). Ingkang wigatos saking bab menika inggih menika basa kangge piranti tutur saha menapa kemawon ingkang ndukung peristiwa tutur.

Tuladhanipun: basa tulis ing *telegram* ingkang cekak, basa seratan novel kang nggatosaken tata seratan, utawi basa lisan

N: *norms*, kalebet saking norma *interaksi (norm of interaction)* saha norma *interpretasi (norm interpretation)*. Inggih menika aturan utawi menapa kemawon

ingkang watesi peristiwa tutur. Nalika ngendika, tiyang kedah ngengat menapa ingkang dipunngendikaaken, saha menapa ingkang dipunlarang.

Tuladhanipun:

Wonten ing masyarakat jawi, lare ingkang teksih alit-alit dipunwulang kanthi ngginakaken basa jawa krama inggil inggih menika amarga samangke menawi sampun ageng menika saged gadhah tata krama menawi pituturan kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh kadaosta simbah.

G: *genre*, saged kalebet saking *register*, wujud wacana, saha gangsal werni basa. Wujud-wujud panganggening basa menika ingkang salajengipun ngasilaken *perbedaan-perbedaan* basa. Tuladhanipun inggih menika basa *telphon*, SMS, *register* irah-irahan koran saha wacana pidato. Saking werni-werni menika gadhah kekhasan piyambak-piyambak.

Konteks tuturan utawi *situasi* saha *kondisi* nalika salah satunggaling tiyang ngginakaken basa gadhah ancas saged nemtuaken wujudipun basa ingkang dipunginakaken, cara bebasan saha teges utawi wosing basa ingkang badhe dipunandharaken. Tuladhanipun wonten ing basa *telpon*, SMS, judul koran, wacana pidato.

Adedhasar saking pamanggih ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih konteks wacana inggih menika *situasi* utawi *latar* ingkang dadosaken salah satunggaling sambung gunem saha nambah cethaning *makna*. *Konteks* saged dipunginakaken kangge *sebab* utawi *alasan* dadosaken salah satunggaling kondha/dialog. Sedaya ingkang gadhah gayutanipun kaliyan pitutur, menapa menika gadhah gayutanipun kaliyan pangertosanipun makna.

3. Tindak Tutur

Miturut Searle (lumantar Rohmadi 2010: 31) ngandharaken bilih wonten ing sedaya *komunikasi linguistik* gadhah tindak tuturipun. Sambung gunem boten namung lambang, tembung utawi ukara, nanging langkung trep menawi dipunsebat *produk* utawi kasil saking lambang menika, tembung utawi ukara ingkang awujud prilaku tindak tutur (*the performance of speech act*).

Searle ugi ngandharaken bilih *pragmatik* wonten tiga jinising tindakan ingkang saged dipunwujudaken dening salah satunggaling penutur, inggih menika *tindak lokusi (locutionary act)*, *tindak ilokusi (illocutionary act)*, lan *tindak perlokusi (perlocutionary act)*.

Ing ngandhap menika badhe ngandharaken jinising tumindak saking tindak *lokusi*, tindak *ilokusi* saha tindak *perlokusi*.

a. Tindak Lokusi

Tindak lokusi inggih menika tindak tutur kangge ngandharaken salah satunggaling perkawis. Tindak tutur menika asring dipunsebat kangge *The Act of Saying Something*. Tuladhanipun tindak lokusi inggih menika ukara (1) *Mamad sinau maos*, lan (2) *Ali dolanan piano*. Saking kalih ukara ing nginggil dipunandharaken dening penuturipun inggih menika kangge paring *informasi* salah satunggaling *tendensi* kangge nglaksanakaken salah satunggaling padamelan, menapa malih kangge *mempengaruhi* lawan tuturipun.

b. Tindak Ilokusi

Tindak ilokusi inggih menika tindak tutur ingkang sanajan gadhah fungsi kangge ngandharaken utawi paring *informasi* salah satunggaling ukara ugi

dipunginakaken kangge nglaksanakaken salah satunggaling padamelan. *Tindak ilokusi* dipunsebat kangge *the act of doing something*. Kangge tuladha inggih menika ukara (3) *Yuli sampun seminar proposal skripsi kala wingi*. (4) *Santoso saweg sakit*. Ukara (3) dipunandharaken kangge salah satunggaling mahasiswa semester XII, boten namung paring *informasi* kemawon nanging nglaksanakaken salah satunggaling padamelan. Inggih menika paring dorongan supados mahasiswa menika nyerat skripsinipun. Sanesipun ukara (4) nalika dipunandharaken kangge kancaipun ingkang saweg nyetel radio kanthi swantenipun ageng, mula boten namung paring informasi kemawon nanging ugi kangge nglaksanakaken salah satunggaling prentah supados ngalitaken swanten radio menika.

c. Tindak Perlokusi

Tindak perlokusi inggih menika tindak tutur ingkang dipunandharaken menika dipunmaksud kangge *mempengaruhi* lawan tuturipun. *Tindak perlokusi* dipunsebat kangge *the act of affecting someone*. Salah satunggaling tuturan ingkang dipunandharaken salah satunggaling tiyang gadhah daya pengaruh (*perlocutionary force*) utawi *efek* kangge tiyang ingkang mirengaken. *Efek* ingkang medal menika saged sengaja utawi boten sengaja. Kanthi tuladhanipun saged dipuntingali wonten ing ukara ing ngandhap menika. (5) *kalawingi bapak kula gerah*. (6) *Samin bebas SPP*. Ukara (5) bilih dipunandharaken dening salah satunggaling tiyang ingkang boten saged rawuh wonten ing undangan kancanipun, mula *ilokusinipun* inggih menika kangge nyuwun pangapuro saha *perlokusi* ingkang dados pangajap inggih menika supados tiyang ingkang

ngundang menika maklum. Sanesipun ukara (6) bilih dipunandhraken dening salah satunggaling guru kangge murid-muridipun, mula *ilokusinipun* inggih menika kanca-kancaipun maklum saking kahanan ekonomi tiyang sepuhipun Samin.

Wonten ing panaliten menika, panaliti ngginakaken *tindak perlokusi* inggih menika wonten ing tumindak ing *implikatur* wonten ing pirembaran panaliten. Paneliti ngginakaken *tindak perlokusi* amarga wonten gayutanipun kaliyan *implikatur* inggih menika saged paring daya pengaruh utawi *efek* kangge ngandharaken konteks ingkang dipunteliti (inggih menika tembung *implikatur*) supados langkung cetha ancasipun.

4. Unsur-Unsur Wacana

Wacana menika gadhah kalih unsur ingkang utami, inggih menika unsur internal wacana saha unsur eksternal wacana. Unsur internal menika woten gayutanipun kaliyan *aspek formal kebahasaan*, wondene unsur eksternal menika wonten gayutanipun kaliyan bab-bab saking njawi wacana menika.kalih unsur menika dadosaken satunggal *kepaduan* wonten ing salahsatunggaling *struktur* ingkang *utuh* lan *lengkap*.

a. Unsur Internal Wacana

Unsur *internal* salah satunggaling wacana kaperang *saking satuan* kata utawi ukara. Ingkang dipunmaksud satuan kata inggih menika tembung ingkang *berposisi* kangge ukara, utawi saged dipunarani kaliyan ‘kalimat satu kata’.

Supados dados salahsatunggaling wacana ingkang ageng, *satuan kata* utawi ukara menika badhe gayut, lan gabung dados wacana.

1. Tembung saha Ukara

Tembung menawi dipuntingali saking *struktur* ingkang langkung ageng, inggih menika perangan saking ukara. Nanging kedah dipungotosaken bilih '*kalimat satu kata*' inggih menika wujud *ungkapan* utawi tuturan cekak ingkang kedah gadhah *esensi* dados ukara. Wujud ukara kados menika asring medal wonten ing salah satunggaling *dialog* utawi *percakapan*. Tiyang kathah dialog kados ukara –ukara cekak satunggal tembung.

A: kuliah?

B: boten

A: menyang ngendi?

B: dolanan

Wonten ing konteks analisis wacana, tembung utawi ukara ingkang kangge wacana kedah gadhah syarat jangkeping makna, *informasi*, saha konteks tuturan ingkang cetha. Wondene adhedhasara saking *aspek semantis*, ukara gadhah teges supados tembung ingkang dipunandharaken *pikiran* saha *gagasan* saged jangkep saha logis. Gie saha Widyamartaya (lumantar Mulyana 2005: 8)

2. Teks saha Konteks

Teks inggih menika *esensi* wujud basa. Saged ugi dipunarani teks dipunandharaken wonten ing wujud wacana. Van Dyk (lumantar Nababan 1987: 64) ngangdharaken bilih teks langkung gadhah sifat *konseptual*.

Gayut kaliyan teks ingkang dipunpikantuk sanesipun ugi pangertosan konteks inggih menika teks ingkang gadha sifat *sejajar*, *koordinatif*, lan gadhah gayutanipun kaliyan teks sanesipun, teks ingkang satunggal kaliyan sanesipun gadhah gayutanipun. Teks sanesipun menika panggenanipun saged wonten ing purwaka utawi ing pungkasaning teks menika.

b. Unsur Eksternal Wacana

Mulyana (2005: 11) ngandharaken bilih Unsur *eksternal* (*unsur luar*) wacana inggih menika salah satunggaling ingkang dados perangan saking wacana, nanging boten katingal kanthi *eksplisit*. Salah satunggaling tuladha inggih menika ingkang kadhapuk wonten ing njawi *satuan lingual wacana*. Inkang gadhah ancas kangge *pelengkap keutuhan* wacana. Unsur –unsur *eksternal* menika awujud saking *implikatur*, *presuposisi*, *referensi*, *inferensi*, saha *konteks*.

1. Implikatur

Nababan (1987: 28) ngandharaken bilih *implikatur* inggih menika wonten gayutanipun kaliyan *konvensi kebermaknaan* wonten ing *proses* sambung gunem. Adhedhasar saking pamanggih ing nginggil menika saged dipunpundhut dudutanipun bilih *implikatur* inggih menika tuturan ingkang beda kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening penutur saha wonten gayutanipun kaliyan sambung gunem.

2. Presuposisi

Presuposisi inggih menika *turunan* saking basa inggris *presuposition* ingkang gadhah teges inggih menika *perkiraan* utawi *persangkaan* (Nababan, 1987: 47). Godtlob Frege (lumantar Nababan 1987: 48) ngandharaken bilih

sedaya *pernyataan* gadhah *praanggapan* inggih menika *rujukan* utawi *referensi* dhasar. *Rujukan* menika ingkang nyebabaken salah satunggaling *ungkapan* wacana saged dipuntanpi utawi dipunmangertosi dening penutur lan mitra tutur, supados sambung gumen menika saged kalaksanan kanthi lancar.

3. Referensi

Kanthi tradisional, *referensi* inggih menika gayutanipun saking ukara kaliyan *benda* (tiyang, lan *tumbuhan*) ingkang dipunrujuk. *Referensi* inggih menika prilaku pamaos/ panyerat. Mula, ingkang nemtukaken *referensi* salah satunggaling tuturan inggih menika *pihak* ingkang maos piyambak, amarga namung pihak pamaos ingkang langkung mangertos bab ingkang dipunujaraken kaliyan bab ingkang *dirujuk* dening *ujaran*. pamireng lan pamaos namung saged *menerka* bab ingkang dipunmaksud(*direferensikan*) dening pamaos wonten ing ujaran menika. *Terkaan* menika gadhah sifat *relatif*, saged leres, ugi saged lepat. Hamid Hasan Lubis (lumantar Mulyana 2005: 16)

4. Inferensi

Inferensi inggih menika kanthi *leksikal* inggih menika dudutan (Echols lan Hasan, 1987: 327). Wonten ing bidang wacana, istilah menika gadhah teges kangge proses ingkang kedah dipunlaksanakaken pamaos supados mangertos makna ingkang kanthi *hafiah* boten kaserat ing wacana ingkang dipunandharaken panyarat/pamaos. Anton M. Moeliono (lumantar Mulyana 2005: 19)

5. Konteks

Mulyana (2005: 21) ngandharaken bilih konteks inggih menika *situasi* utawi *latar* ingkang dadosaken salah satunggaling sambung gunem. Konteks

saged dipunginakaken kangge sebab utawa alasan dadosaken salah satunggaling kondho/dialog. Sedaya ingkang gadhah gayutanipun kaliyan pitutur, menapa menika gadhah gayutanipun kaliyan pangertosanipun, ancasing *informasinipun* menika, ingkang langkung jumbuh kaliyan konteks dhasaring perkawis pitutur menika. Saking pamanggih ing nginggil menika ngandharaken bilih konteks inggih menika situasi ingkang dadosaken sambung gunem lan dipunginakaken kangge sebab utawi alasan dadosaken *dialog*.

5. Implikatur

a. Pangertosan Implikatur

Menawi dipuntingali saking *etimologis implikatur* dipunturunaken saking *implicatum*. kanthi *nomina*, *istilah* menika sami kaliyan tembung *implication*, ingkang gadhah teges inggih menika maksud, pangertosan, *keterlibatan* (Echols, 1984: 313). Adhedhasar saking pamanggih miturut Echols menika saged dipunpundhut dudutanipun bilih *implikatur* inggih menika maksud ingkang wonten ing sawingkingipun tembung ingkang dipunandharaken dening penutur.

Grice (lumantar Soeseno, 1993: 30) ngandharaken bilih *implikatur* inggih menika ujaran ingkang ngandharaken salah satunggaling tuturan ingkang beda kaliyan menapa ingkang estunipun langkung leres nalika dipunucapaken. Swanten “ingkang beda” inggih menika maksud *pembicara* ingkang boten dipunandharaken kanthi *eksplisit*. Nababan (1987: 28) ngandharaken bilih *implikatur* wonten gayutanipun kaliyan *konvensi kebermaknaan* wonten ing proses sambung gunem. Adhedhasar saking pamanggih-pamanggih ing nginggil

menika saged dipunpikantuk dudutanipun bilih *implikatur* inggih menika tuturan ingkang beda kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening penutur lan wonten gayutanipun kaliyan sambung gunem.

Adedhasar saking pamanggih ing nginggil saged dipuntarik dudutanipun bilih *implikatur* inggih menika *ujaran* ingkang ngandharaken tuturan ingkang gadhah makna wonten ing sawingkingipun tuturan ingkang dipunadharaken menika(*eksplisit*) saha gadhah maksud saking menapa ingkang dipunandharaken.

b. Ginanipun Konsep Implikatur

Konsep *implikatur* ngandharaken tembung-tembung ingkang dipuntingali kanthi lahiriyah saha boten wonten gayutanipun antawisipun saking ukara satunggal kaliyang ukara sanesipun. Nanging kangge tiyang ingkang mangertos ginanipun basa menika, saged dipunmangertosi ancas ingkang dipunandharaken dening panutur. Konsep *implikatur* saged ngandharaken *makna tersirat* saking salah satunggaling tuturan.

Miturut Levinson (lumantar Nababan 1987: 28) ngandharaken bilih ginanipun konsep *implikatur* kaperang dados 4. Ingkang setunggal inggih menika bilih konsep *implikatur* saged ngandharaken *fungsiional* ingkang gadhah teges saking kasunyatan basa ingkang boten dipungayuh kaliyan *teori linguistik*. Ingkang kaping kalih inggih menika bilih konsep *implikatur* paring andharan ingkang tegas utawi *eksplisit* ngengingi kados pundi tembung ingkang dipunpocapaken kanthi lahiriyah menika beda saking menapa ingkang dados ancas saha pangangge basa menika mangertos ancas ingkang dipunandharaken.

Tuladhaipun, gatosaken tuturan saking P lan Q ing ngandap menika:

- (2) P : jam pira saiki?
Q : sepure durung liwat.

Menawi dipuntingali kanthi *konvesional struktural*, ukara ing nginggil menika boten wonten gayutanipun. Nanging menawi kangge tiyang ingkang mangertos panganggening basa wonten ing konteks tuturan menika, woten perangan-perangan ingkang langkung cetha kados ing ngandhap menika:

- (3) P: Menapa panjenengan saged paring *informasi* kangge kula menawi jam pinten samenika (Kados biasanipun pitakenan menika dipunandharaken kanthi *penunjuk* wekdal. Menawi mangertos, supados dipunandharaken supados kula mangertos jam pinten samenika)

Q: (Kulo boten mangertos jam pinten samenika, nanging saged kula andharaken nalika) sepur (ingkang biasanipun) dereng lewat.

Inkang langkung dipungatosaken wonten ing tuturan kalawau inggih menika bilih *informasi* wangsulana ingkang dipunbetahaken boten kanthi jangkep wonten ing tuturan nomer (2), nanging katrangan ingkang dipunandharaken wonten ing nomer (3) saged dipunmangertosi dening tiyang ingkang taken menika. Bedanipun saking tuturan nomer (2) saha (3) langkung ageng, saha boten saged nalika dipunandharaken kanthi ngginakaken teori *semantik konvensional* kemawon.

Inkang kaping tiga inggih menika nalika konsep *implikatur* menika saged nyekakaken saking bedanipun gayutan saking *klausula* satunggal kaliyan *klausula* sanesipun. *Klausula-klausula* menika dipunjumbuhaken kaliyan tembung-tembung kanthi ngginakaken *struktur* basa ingkang sami.

Tuladhanipun:

(4) “bocah kuwi numpak pit lan banjur mangkat sekolah”.

Kalih *klausa* saking ukara ing nginggil punika boten saged dipungantos panggenanipun kados ing ngandhap menika:

“Bocah kuwi mangkat sekolah lan deweke numpaki pite”.

Nanging ukara ing ngandhap punika beda malih.

(5) “Jakarta ibukota Indonesia lan Manila ibukota Filipina”.

Tembung ing nginggil menika saged dipungantos klausaipun kados ing ngandhap mekaten:

“Manila ibukota Filipina lan Jakarta ibukota Indonesia”.

Saking kalih tuladha ukara ing nginggil punika, saged dipuntingali awratipun bedakaken gayutanipun saking kalih klausa perangan ukara menika kanthi *struktural* saha *semantik konvensional*.

Wonten ing bab menika kita saged mungkasi awratipun anggenipun ngginakaken ukara kekalih menika,(4) saha (5), Adhedhasar saking kalih *pola pragmatik* utawi kalih perangkat *implikatur* ingkang beda: wonten ing (4) gadhah gayutan”lajeng” saha wonten ing (5) “mekaten ugi”.

Ginanipun konsep *implikatur* ingkang kaping sekawan inggih menika namung salah satunggaling dhasar-dhasar *implikatur* saged ngandharaken manekawarni *fakta* utawi *gejala* ingkang kanthi lahiriyah boten wonten gayutanipun kadosta: cara pedamelanipun , *metafora*; menapa”*tautologi*” kadosta “*war is war*” saged gadhah ancas; kening menapa ukara” *there are men are men*” saged gadhah ancas; kados pundi” kae ayu banget” saged dipunmangertosi kosok

belenipun; kados pundi ukara pitakenanipun” sinten ingkang matur?” saged dipunancasi menika pitutur *sikap* utawi pamanggih. Panganggening *implikatur* wonten ing basa menika gadah ancas tartemtu.

Panganggening *implikatur* wonten ing basa gadah tetimbangan, inggih menika supados tuturan katingan langkung alus tur sae saha saged njagi etika kesopanan. Nyindir kanthi alus (boten kanthi langsung) saha katingal boten nyinggung perasaan kanthi langsung. Wonten ing tuturan *implikatif*, penutur saha lawan tutur kedah gadah konsep ingkang sami wonten ing salah satunggaling konteks. Menawi boten, mangke badhe wonten kalepatan tuturan anggenipun sambung gunem. Wonten ing gayutan *timbang balik* wonten ing konteks budaya kita, panganggening *implikatur* katingnal langkung sopan, tuladhanipun tindak tutur nolak, nyuwun tetulung, paring nasihat, *negur*.

Saking perangan ginanipun *implikatur* wonten ing nginggil menika saged dipunandharaken bilih ginanipun implikatur menika gadhah titikanipun inggih menika kados ing ngandhap menika:

1. Sindiran: titikanipun inggih menika tembungipun *kias*, maknaipun ngandhut perkawis *negatif*, dipunaturaken kanthi boten langsung dhateng sinten kemawon ingkang dipunsindir.
2. Kritikan: titikanipun inggih menika sifatipun tegas, maknaipun ngandhut perkawis *positif*, sipatipun inggih menika mbangun, dipunaturaken langsung dhateng ingkang dipunkritik.
3. Pangajab: titikanipun inggih menika tembungipun ngewrat pangajab, wujud dhasar saking menapa ingkang dipunpercaya supados saged terakbul.

4. Saran: titikanipun inggih menika gadhah ancas kangge mungkasani prakawis, caos usulan, sipatipun inggih menika mbangun utawi ndidik.

c. Jinising Implikatur

Miturut teori Grice (lumantar Rohmadi 2010: 60) jinising *implikatur* kaperang dados kalih inggih menika *implikatur konvensional* saha *implikatur non konvensional*, bilih saged dipunandharaken kados ing ngandhap menika:

1. Implikatur Konvensional(*conventional implicature*)

Inggih menika *implikatur* ingkang dipunangsal langsung saking makna tembung, saha sanes saking *prinsip percakapan*. *Implikatur* konvensional menika sampun dipuntemtuaken saking pangertosan *konvensional* tembung-tembung ingkang dipunginakaken (Rani,dkk, 2006: 171). Miturut Sudaryono (1999: 103) dipunsebat makna *konvensional* amarga dipunsusun kanthi *konvensional* saha gadhah ancas kangge piranti sambung gunem.

Yule (terjemahan wahyuni saha mustajab, 2006: 78) ngandharaken bilih *implikatur konvensional* boten Adhedhasar saking *prinsip kerjasama* utawi *maksim-maksim*. *Implikatur konvensional* boten kedah wonten ing *percakapan* saha boten kaiket kaliyan konteks khusus kangge *menginterpretasikannya*.

Mulyana (2005: 12) ngandharaken bilih *implikatur konvensional* inggih menika pangertosan ingkang gadhah sipat umum saha konvensional. Umumipun tiyang sampun mangertos maksud saha tegesipun saking salah satunggaling bab ingkang dipunandharaken.

Grice (lumantar Rohmadi 2010: 60) ngandharaken bilih *Implikatur konvensional* inggih menika makna saking salah satunggaling ujaran kanthi

konvensional utawi kanthi umum ingkang dipunginakaken wonten ing masyarakat. Tuladhanipun inggih menika: minangka tiyang jawi limrahipun tumindakipun kedah sopan, pangerten, saha mboten seneng pamer.

2. Implikatur Non Konvensional

Grice (lumantar Rohmadi 2008: 60) ngandharaken bilih *implikatur non konvensional* inggih menika ujaran ingkang ngandharaken babagan ingkang beda kaliyan ingkang leres utawi menapa kahanipun. Tuladhanipun inggih menika salah satunggaling ibu ingkang mrentah putrinipun supados ndamelaken unjukan kangge bapakipun, saged dipun*implikasi* kanthi mekaten:

Ibu : yul, wedang sing digodog ning dapur wis mateng.

Anak : sampun bu, bapak badhe ngeraaken kopi menapa susu?

Saking tuladha ing nginggil menika *informasi* ingkang dipunandharaken dening ibu kangge putrinipun menika gadhah maksud mrentah inggih menika damel unjukan kangge bapakipun, saha putrinipun saged mangertos *implikasi* ingkang dipunandharaken dening ibu.

Implikatur non konvensional langkung dipunmangertos wonten ing masyarakat inggih menika *implikatur* kemawon. Sudaryono (1999: 104-105) *implikatur* dados ngelmi ingkang *dinamis* saha boten wonten ing kamus-kamus basa menapa kemawon, amarga *implikatur* gadhah sipat *lokal*, *temporer*, saha saged *berubah-ubah*. *Perubahan* menika dipuntemtuaken kanthi kaleresan saha *pemahaman* masyarakat wonten ing proses ingkang dipuntuturaken. Menawi salah satunggaling tiyang nuturaken tembung kanthi maksud gayut kaliyan makna

konvensionalipun. Mula wonten *implikatur* ingkang beda kaliyan makna *konvensionalipun*.

Makna *implikatur* saged dipunmangertosi kanthi nggatosaken *kekhasan* saking konteks ingkang dipuntuturaken wonten ing masyarakat. Bab menika trep kaliyan pamrayoginipun saking Sudaryono (1999: 105) ngandharaken bilih kangge mangertos *implikatur*, boten cekap kanthi ngginakaken makna *konvensional* utawi ngginakaken kamus-kamus basa kemawon, nanging kedah mangertosi menapa ingkang saweg dipunrembag saha menapa ginanipun kangge masyarakat penuturipun

Implikatur dipunbetahaken nalika *pembicara* saha *pendengar* utawi panyerat saha pamaos wonten ing salebeting wacana ingkang beda. Utawi wonten jarak ingkang misahaken *pembicara* saha *pendengar*. Nalika pendengar saha pembicara mangertos menapa ingkang dipunandharaken, *implikatur* menika boten medal. Menawi medal *implikatur* menika boten gadhah *peranan penting*. Sanesipun, menawi pendengar mangertos *fakta* utawi kaleresan ingkang beda kaliyan menapa ingkang dipuntuturaken dening *pembicara*, mula wonten *implikatur* kanthi ancas ingkang *signifikan* (sudaryono, 1999: 105)

Panganggening *implikatur* ing basa menika gadhah ancas. Inggih menika kangge *memperhalus tuturan, menjaga etika kesopanan, menyindir dengan halus(boten langsung)* saha *menjaga agar tidak menyinggung* kanthi langsung. Panganggening *implikatur* katingal langkung sopan. Tuladhanipun kangge tindak tutur mrentah, nolak, panyuwun, menasehati utawi *menegur*. Tindak tutur ingkang kathah ginakaken *reaksi emosi mitra tutur* menika langkung saged

dipunmangertos bilih dipunandharaken kanthi ngginakaken *implikatur* (Rani,dkk., 2008: 178)

d. Wujud Implikatur

Wujud *implikatur* inggih menika wujud tuturan ingkang cetha kanthi adedhasar makna saking sanjawinipun basa utawi tuturan basa asing awujud *linguistik*. Tuturan menurut Nababan (1987: 23) *adalah ungkapan-ungkapan yang diterjemahkan atau direalisasikan sesuai linguistik dalam bentuk kalimat.*

Wujud *konkrit* saking tuturan inggih menika ukara pawarta, ukara pitaken, ukara prentah/carita, lan ukara seru (Rosidi,2009)

Miturut Alwi, dkk (2003: 35) ukara dipunperang Adhedhasar saking wujud saha ngelmi *sintaksis* menika wonten sekawan. Inggih menika: ukara pawarta(ukara *deklaratif*), ukara pitaken(ukara *interogatif*), ukara prentah(ukara *imperatif*) saha ukara seru(ukara *ekslamatif*)

1. Ukara Pawarta(*Deklaratif*)

Miturut Whedhawati (2006: 490) ukara *deklaratif* inggih menika ukara ingkang *modus verbalipun* ngandharaken remen. Tembung remen menika werninipun inggih menika kados raos remen, maksud, *kemauan, keakanan.*

Tuladha:

- Ing Gunung Kidul DIY bayar guru PAUD Rp. 25.000,- GTT Rp. 100.000 sesasi.(*Djaka Lodhang* 2013: 4)
- PDIP lagi nenimbang kadhere kanggo ngganti Taufik Kiemas minangka ketua MPR.(*Djaka Lodhang* 2013: 4)

2. Ukara Pitaken(*Interogatif*)

Miturut Whedhawati (2006: 487) ukara *interogatif* inggih menika ukara ingkang *modus verbalipun* ngandharaken pitakenan. Ukara *interogatif* saged dipuntitiki dening tembung gantos pitakenan, *intonasi* utawi lagu ukara(wonten ing ragam lisan), utawi tandha pitaken(wonten ing ragam tulis).

Tembung pitaken ingkang dipunginakaken wonten ing ukara *interogatif* basa jawi kaperang dados kalih, inggih menika tembung gantos pitaken *korespondensi pesona* saha *korespondensi penunjuk*. Tembung gantos pitaken *korespondensi pesona* dipunandharaken kanthi tembung “sapa”. Tembung gantos pitaken *korespondensi penunjuk* dipunandharaken kanthi tembung “apa, endi, kapan, kepriye, pira”.

Tuladha:

- Miturut panemumu, nayaka praja kang kena dipercaya kuwi sopo?(*Djaka Lodhang* 2013: 16)

-Pira rega bensin saiki *pasca* pamerintah mundhake rega BBM wingi?

3. Ukara Prentah(*Imperatif*)

Miturut Whedhawati (2006: 485) ukara *imperatif* saged dipuntitiki kanthi tembung gantos prentah. Inggih menika ukara ingkang *modus verbalipun* ngandaraken prentah, ajakan, utawi larangan.

Tuladha:

- AWAS SEPUR LIWAT.....!!!!

- Aja pipis sembarangan!

4. Ukara Seru(Ekslamatif)

Ukara *ekslamatif* inggih menika ukara ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos “*yang kuat utawi yang mendadak*”. Ukara *ekslamatif* limrahipun gadhah titikan intonasi ingkang inggil wonten ing tuturan lan ginakaken tanda seru(!) utawi tanda titik(.) wonten ing panyeratanipun.

Tuladha:

- Aduh, aku lali ngunci kamarku!
- Subhanallah, ayune wong wedok kae!

6. Wacana Dhat Nyeng

a. Pangertosan Wacana

Miturut Douglas (lumantar Mulyana 2005: 3) pangertosan“wacana” purwakanipun saking Basa Sansekerta *wac/wak/vak*, ingkang tegesipun inggih menika ‘*berkata*’, ‘*berucap*’. Menawi dipuntingali saking jinisipun, tembung *wac* wonten ing lingkup *morfologi* basa sangsekerta, kagolong *kata kerja golongan III parasmaepada(m)* ingkang gadhah sipat *aktif*, inggih menika “*melakukan tindakan ujar*”.

Saking pamanggih ing nginggil menika sagen dipunpikantuk dudutanipun. bilih wacana inggih menika matur utawi *melakukan tindakan ujaran yaitu dengan berucap berucap*.

Miturut Mulyana (2009: 39) *Wacana dapat dimaknai sebagai suatu kebiasaan yang berada pada hierarki tertinggi dan terlengkap. Memiliki pola kohesi dan koherensi yang baik. Wacana dapat direalisasikan dalam bentuk kata, kalimat, dan paragraf atau sebuah tulisan lengkap(buku).*

Adhedhasar saking pamanggih Mulyana (2009: 39) ing ngingil menika saged dipunpikantuk dudutanipun, bilih wacana inggih menika salah satunggaling basa ingkang gadhah *pola kohesi* saha *koherensi* ingkang trep, saha ugi saged dipunpanggihi wonten ing wujud tembung, ukara saha paragraf utawi buku.

Kamus basa Jawa kuna - Indonesia karangan Wojowasito (1989: 651), *terdapat kata waca yang berarti “baca” kata u/amaca yang artinya “membaca”, pemaca(pembacaan), ang/ mawacana(berkata) wacaka (mengungkapkan), dan wacana yang artinya “perkataan”*. Tembung pungkasan menika dipunginakaken wonten ing konteks ukara basa jawa kuna. Saking pamanggih ing nginggil menika saged dipunpikantuk dudutanipun bilih wacana inggih menika cara ngandharaken tuturan.

b. Pangertosan Wacana Dhat Nyeng

Mulyani (wonten ing kejawen vol 1: 129) Wacana *Dhat Nyeng* inggih menika *kalimat topik berbentuk satu atau dua kalimat yang isinya berkaitan dengan situasi dan kondisi yang belum lama berlangsung di masyarakat*.

Adhedhasar saking pamanggih ing nginggil menika saged dipunpikantuk dudutanipun bilih wacana *Dhat Nyeng* inggih menika ukara topik ingkang awujud saking setunggal utawi kalih ukara ingkang wosingipun gadhah gayutanipun kalian kawontenan ingkang dereng dangu *berlangsung* wonten ing masyarakat.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang wonten gayutanipun kaliyan *implikatur* menika sampun dipunwiwiti dening Rini Yuni Astuti wonten ing skripsi piyambakipun ingkang

kanthi irah-irahan inggih menika “*implikatur* wonten ing wacana aneka pojok wonten ing kalawarti panyebar semangat taun 2010”.

Kasil saking panaliten menika ngandharaken mawi 1) sentilan-sentilan wonten ing wacana pojok kathah ingkang ngandut *implikatur*. *Implikatur* ingkang gayut kangge maksud *pembicaraan* ingkang dipunjumbuhaken kanthi konteks wacana. 2) *implikatur* ingkang dipunpanggihi wonten ing sentilan-sentilan wacana aneka pojok wonten ing kalawarti panjebar semangat taun 2010 menika maneka werni, *implikatur* wonten ing wacana aneka pojok inggih menika awujud sindiran, kritikan, saran, harapan, utawi sindiran saha saran, sindiran saha kritik, sindiran saha pangajab, sarta saran saha pangajab.

C. Nalaring Panaliten

Basa inggih menika *sistem lambang* swanten ingkang *arbiter* saha dipunginakaken manungsa kangge piranti sambung gunem, sambung gunem menika saged dipunginakaken wonten ing sambung gunem langsung utawi sambung gunem boten langsung utawi kaserat. Wujud *konkrit* panganggening basa kanthi boten langsung saged kita pangihaken wonten ing wacana ing *ariwarti*. Salah satunggal tuladhanipun *ariwarti* inggih menika kalawarti *Djaka Lodhang*.

Minangka kalawarti ingkang ngginakaken basa jawi, kalawarti menika paring salah satunggal wacana, inggih menika wacana *Dhat Nyeng*, bilih wosing wonten ing salebeting wacana inggih menika *opini redaktur* ingkang kangge pawarta tartemtu, *opini* ingkang kaserat menika langkung kathah ngandut makna

ingkang boten dipunandharaken kanthi boten langsung. Mula ingkang tersirat menika dipunsebat *implikatur*. *Implikatur* wonten ing salah satunggaling tuturan namung saged dipunafsiraken kanthi trep nalika wonten ing salebeting *keutuhan* konteks ingkang trep ugi.

Panaliten kanhi objek wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 menika badhe neliti *implikatur* ingkang medal wonten ing sentilan-sentilan wacana *Dhat Nyeng*. Panaliten menika dipunkajengaken kangge *deskripsiaken* ginanipun *implikatur* saha tumindak *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013. Ginanipun *implikatur*ipun inggih menika awujud sindiran, kritikan, saran saha pangajab. Tumindak *implikatur*ipun inggih menika kadosta kangge nyindir, nangggepi, ngritik saha ngandharaken pangajab, saha ingkang pungkasan inggih menika paring simpati kangge pihak-pihak tartemtu.

Ngelmi *pragmatik* dipunginakaken wonten ing panaliten menika kangge neliti ancasing ingkang tersirat wonten ing sawingkingipun tuturan. utawi *implikatur* ingkang medal wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kanthi nimbangaken konteks wacana ingkang wonten gayutanipun.

Sumbering data saking panaliten inggih menika saking kalawarti mingguan basa jawi, inggih menika kalawarti *Djaka Lodhang*. Cacahing kalawarti ingkang badhe dados sumbering data inggih menika wonten 11 edisi. Dipunwiwiti saking *Djaka Lodhang* nomor 1 edisi 1 juni 2013 dumigi ngantos edisi 11 Agustus 2013. Saking 11 edisi kalawarti *Djaka Lodhang* menika, dipunpikantuk data ingkang cacahipun 44 wacana. Data-data menika dipunpilih kangge sampel

wonten ing panaliten menika. Data ingkang sampun dipuntemtuaken menika salajengipun dipunserat wonten ing kartu data supados gampang nalika dipunanalisis.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken metode panaliten *deskriptif*, inggih menika panaliten ingkang nggatosaken cara ingkang dipunginakaken kangge olah data. Datanipun *satuan lingual implikatur* ingkang kapanggihaken wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang* warsa 2013. Panaliten *deskriptif* dipuntindakaken kanthi dhasar saking *fakta* utawi kedadeyan nyata ing masarakat tutur saengga saged ngasilaken data *implikatur* ingkang dipunpadosi. Kados pamanggihipun Sudaryanto (1996) bilih panaliten *deskriptif* menika dipunadani adhedhasar kasunyatan wonten ing bebrayan ageng, saengga ingkang dipunserat menika basa ingkang dipunlafalaken, sipatipun menika *potret*, tuturan, kados menapa wontenipun.

Panaliten *deskriptif* gadhah ancas damel *deskripsi* ingkang *sistematis*, *faktual* lan *akurat* gegayutanipun kaliyan sumber data. Lampahing panaliten menika kanthi ngempalaken data, *klasifikasi* data, saha *analisis* utawi *olah data* kangge madosi saha ngandharaken ginanipun saha tumindak *implikatur* wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang* warsa 2013 saking edisi sasi juni 2013 dumugi sasi agustus 2013.

B. Data saha Sumber Data

Data saking panaliten inggih menika awujud tembung-tembung *implikatur* saking *rubrik* wacana *Dhat Nyeng*. Dene sumbering data wonten ing

panaliten menika awujud kalawarti mingguan kanthi ngginakaken basa Jawi, inggih menika *Djaka Lodhang* warsa 2013. Wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 dipundadosaken sumbering data amarga kathah dipunpanggihaken panganggening basa *implikatur* saengga saged narik kawigatosanipun panaliti.

Kejawi menika, *redaktur* saking kalawarti *Djaka Lodhang* menika gadhah lelewaning basa ingkang khas kangge nyerat wacana *Dhat Nyeng*, inggih menika panganggening basa panyeratanipun ingkang dipunaturaken mawi basa jawi saha panganggening basa *implikatur*. Unsur basa *implikatur* menika kathah dipunginakaken dening *redaktur* kalawarti menika anggenipun nyerat wacana *Dhat Nyang*. Basa *implikatur* ingkang kathah dipunpanggihi inggih menika sindiran, kritikan, saran saha pangajab.

Panaliten menika badhe dipunwatesi namung ngrembag ginanipun *implikatur* saha tumindak ing *implikatur* utawi *implikasi perlokusnipun*. Wonten ing panaliten menika, data dipunkempalaken saking wacana-wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* ingkang sampun dipuntemtuaken. Inggih menika saking edisi nomor 1 sasi juni dumugi edisi nomor 11 agustus 2013, ingkang cacahipun inggih menika 11 edisi kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013.

Wonten ing saben edisi kalawarti gadhah 4 tuturan wacana *Dhat Nyeng*. Sumbering data menika dipunpilih kangge sempel wonten ing panaliten menika. Sempel ingkang dipunpilih inggih menika sempel ingkang caket kaliyan panganggit. Ancasing saking sempel inggih menika supados panaliten menika langkung *fokus* saha *efisien*. Menapa paneliti milah kalawarti *Djaka Lodhang*

kangge obyek panaliten inggih menika *implikatur* ingkang wonten ing wacana *Dhat Nyeng* ing kalawarti *Djaka Lodhang* menika dereng nate utawi pernah dipunteliti.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Metode ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika teknik maos saha nyatet. Teknik maos inggih menika maos kanthi premati kangge *identifikasi implikatur* wonten ing salebeting wacana *Dhat Nyeng* menika. Teknik nyatet inggih menika nyatet sedaya data ingkang dipunpanggihaken saking asiling maos wacana *Dhat Nyeng* menika. Salajengipun proses ngempalaken data dipunlaksanakaken kanthi mekaten.

1. Teknik maos; Kegiatan dipunwiwiti kanthi maos wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* edisi sasi juni 2013 dumugi sasi agustus 2013 kanthi *cermat saha tuntas*.
2. Teknik nyatet; Kegiatan salajengipun inggih menika panyeratan data ingkang dipunkempalaken wonten ing kartu data.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika ngginakaken panaliti piyambak utawi *human instrument* ingkang kabantu dening kartu data. Wonten ing bab menika panaliti ngginakaken ngelmi ingkang dipungadhah kangge manggihaken data ingkang dipunrembag inggih menika ginanipun *implikatur* saha tumindak *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013.

Nalika nglaksanaaken panaliten menika, panaliti ngginakaken piranti biyantu awujud kartu data. Kartu data dipunginakaken kangge nyerat *tuturan-tuturan* wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti *Djaka Lodhang* edisi sasi Juni 2013 dumugi edisi sasi Agustus 2013. Tuturan-tuturan wacana menika salajengipun dipunanalisis kangge madosi *implikatur* ingkang kaserat wonten ing wacana menika kanthi adhedhasar *konteksupun*, salajengipun kasilipun saking panaliten menika ugi dipunserat wonten ing kartu data menika.

Kartu data ingkang dipunginakaken menika ngewrat data ingkang wonten gayutanipun kaliyan ginanipun *implikatur* saha *implikasi perlokusi* utawi tumindaking *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* menika. Panganggening kartu data menika saged mbiyantu amargi nggampilaken nyathet data saha mbiyantu anggenipun ngecek data.

Tuladha Kartu Data.

No:	1
Dt:	(+) Utange indonesia siki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka desember 2012.
	(-) Kendel utang
Wi:	kritikan
Ket:	Kendel utang → kritikan Utange indonesia siki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka desember 2012 Implikasinipun inggih menika Utange indonesia siki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka desember 2012 menapa dene indonesia saweg krisis ekonomi, pamerintah kedah kreatif supados utangipun indonesia boten nambah terus.

Tabel 1. Kartu data kangge *nganalisis* ginanipun *implikatur* saha tumindaking *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng*.

Katrangan:

NO : Nomor Data

DT : Data Tuturan

WI : Wujud *Implikatur*

22 : Tanggal Penerbit DL

KET : Katrangang

06 : Bulan Penerbit DL

DL : *Djaka Lodhang*

2013 :Taun Penerbit DL

04 : Nomer Edisi

E. Metode Analisis Data

Metode ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika *metode padan* saha *metode agih*. Metode *padan* inggih menika metode nganalisis basa ingkang ngginakaken piranti kados pundi cara nemtuaken basa wonten ing njawi basa sanes, saha boten dadosaken perangan saking basa ingkang gadhah gayutanipun. Panganggening metode menika adhedhasar saking *asumsi*, bilih basa ingkang dipunteliti menika sampun gadhah gayutanipun kaliyan bab-bab saking basa asing ingkang gayut (Sudaryanto,1993: 14).

Sub jinising *metode padan* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *padan pragmatik*, *pendekatan pragmatik* ingkang dipunmaksud inggih menika ngrembag maksudipun *pembicara* kanthi *tersurat* utawi *tersirat* saking tuturan ingkang *dipunanalisis* saha maksud-maksud tuturan ingkang wigati, inggih menika maksud ingkang *diimplikasikan*. salajengipun saged *diidentifikasi* saking panganggening basa menika kanthi *konkret* saha *mempertimbangkan situasi* tuturipun (Wijana,1996: 13).

Tuladha padan pragmatik:

(+) Ketua KPK Abraham Samad dikadhoni pembalut lan penganggo jeroan wanita supaya sengkut mbrantas korupsi.

(-) Luwih sengkut yen kadhone wanita ayu-ayu. (*Djaka Lodhang* 2013: 04)

Saking tuladha ing nginggil menika boten gayut saking pawarta kaliyan sentilanipun. Mula panyerat ngginakaken *padan pragmatis*, panyerat ngginakaken *padan pragmatik* amarga piranti panemtu saking tuladha ing nginggil inggih menika mitra tuturipun. Bab menika kedah dipunpahami kanthi unsur panemtu saking sanes basa.

Metode agih inggih menika metode kangge nganalisis data ingkang piranti panemtunipun inggih menika perangan saking basa menika piyambak. Piranti panemtu nalika nglaksanakaken metode agih menika awujud perangan saking perangan utawi unsur saking basa objek sasaran paneliten menika piyambak, kadosta tembung (tembung ingkar, presuposisi, adverbial), fungsi sintaksis (jejer, wasesa, lesan), klausa, silabe tembung, titinada (Sudaryanto, 1993: 15-16).

salajengipun *pendekatan* menika ngrembag *ujaran* ingkang wonten gayutanipun kaliyan *konteks*. Metode menika dipunginakaken kangge nganalisis ingkang trep saking perkawis ingkang badhe dipunteliti. Data panaliten ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipuntata, dipunurutaken, *diidentifikasi* saha ugi dipunperang miturut *kriteria* ingkang sampun dipuntemtuaken wonten ing kartu data.

F. Cara Ngesahaken Data

Teknik keabsahan data wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* wonten ing panaliten menika dipunpikantuk saking *teknik triangulasi sumber*.

Miturut Moleong (1988: 151) *triangulasi* adalah teknik pemeriksaan keabsahann data yang memanfaatkan sesuatu yang lain diluar data atau keperluan pengecekan atau sebagai pembandingan terhadap data itu.

Tuladha saking *triangulasi* data inggih menika :

- (+) Utange Indonesia siki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka Desember 2012
- (-) Kendel utang

Saking tuladha ing inggil menika menawi dipungayutaken kaliyan teori babagan saking ginanipun *implikatur* menika. Tembung ‘*kendel utang*’ menika kalebet tembung *implikatur*, amarga gadhah maksud kangge ngritik pamerintah, inggih menika babagan kebijakan utang dening pamerintah. Utangipun Indonesia teras mundhak saking sasi Desember 2013. Pamerintah ugi kedah ngirangi utangipun Indonesia amarga saged nyengsaraken masyarakat.

Wonten ing panaliten menika, *triangulasi sumber data* dipunlaksanaaken kanthi cara madosi pangertosan nalika mbandingaken miturut sumber-sumber pawarta, saking media cetak kadosta koran, kalawarti, buku utawi media *elektronik* tuladhanipun inggih menika tv, internet, saha radio ingkang wonten gayutanipun kaliyan perkawis wonten ing data panaliten menika.

Teknik *pemeriksaan* keabsahann data wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas referensial*. *Validitas referensial* saged dipunginakaken kangge patokan nguji sawekdal-wekdal dipunlaksanaken *analisi* saha *penafsiran* data. Panaliten *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* wonten ing kalawarti

Djaka Lodhang warsa 2013 menika menawi dipuntingali gadhah kacekapan *referensi implikatur*.

Reliabilitas data dipunlaksanaaken supados dipunpikantuk *keajegan* data, saengga data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika data ingkang *tepat saha terpercaya*. *Reliabilitas* data dipunlaksanaaken kanthi cara *ketekunan* nalika ngemataken data. *Ketekunan* nalika ngemataken data dipunlaksanaaken kanthi cara maos data sakathah-kathahipun supados mangertos saha saged *nafsiraken* menapa ingkang dipunandharaken saking data ingkang dipunandharaken menika.

Sanesipun *reliabilitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika ngginakaken *reliabikitas intrar-rater*. *Realibilitas intra-rater* inggih menika *validitas* ingkang dipunpikantuk kanthi cara *konsultasi* kaliyan pakar utawi para ahli ingkang kompeten wonten ing bidang menika. Wonten bab menika para ahli ingkang dipunmaksud inggih menika dosen pembimbing.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Wonten ing bab menika badhe ngandharaken asiling panaliten saha pirembagan ngengingi analisis *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013. Ing bab asiling panaliten badhe dipunandharaken asiling saking panaliten menika mawi wujud tabel. Dene ing bab pirembagan badhe dipunandharaken pirembagan kanthi *deskripsi*. Bab pirembagan menika badhe ngandharaken ginanipun *implikatur* saha tumindak ing *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* warsa 2013. Pirembagan kangge kasil panaliten dipungayutaken kaliyan wosing perkawis saha ancasing panaliten.

A. Asiling panaliten

Supados anggenipun nganalisis data langkung gampang, mula asiling panaliten *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 dipunandharaken wonten ing wujud tabel anggenipun nganalisis data menika. Data ingkang dipunpanggihi wonten ing panaliten menika langkung kathah, saengga boten saged data kasebut dipunandharaken kanthi sedayanipun. Awit saking menika, wonten ing pirembagan menika badhe dipunandharaken rerenconing ginanipun *implikatur* saha tumindak ing *implikatur* wonten ing tabel. Data-data ingkang jangkep bab ginanipun *implikatur* saha tumindak ing *implikatur* badhe dipunandharaken wonten ing kaca lampiran.

Tabel 2: Ginanipun *Implikatur*, Indikator saha Tumindaking *Implikatur* Wonten ing Wacana *Dhat Nyeng Kalawarti Djaka Lodhang Warsa 2013*

No	Ginanipun Implikatur	Tumindaking Implikatur	Indikator
1	<p>Sindiran</p> <p>a. Sindiran kangge pamerentah</p>	<p>Pamerentah kedhah sengkut nanggulangi dalam ingkang rusak kangge jalur mudik lebaran.</p>	<p>(+)Meh kabeh dalam jalur mudik lebaran rusak, lagi sengkut didandani.</p> <p>(-) Pemudik kudu sabar.</p> <p>(DL/34)</p> <p>Tembung “Pemudik kudu sabar” menika ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> sindiran kangge menteri ingkang kinerjanipun tesih kirang sengkut nangepi dalam rusak kangge jalur mudik lebaran.</p>
	<p>b. Sindiran kangge DPR</p>	<p>Buktike menawi DPR pantes angsal gaji ingkang inggil</p>	<p>(+)Ing Gunung Kidul DIY, bayaran guru PAUD Rp 25.000 GTT Rp 100.000.</p> <p>(-) Dadi anggita DPR wae.</p> <p>(DL/39)</p> <p>Tembung “Dadi anggita DPR wae” menika ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> sindiran ingkang dipunaturaken kangge anggita DPR minangka wakil rakyat, gajinipun langkung kathah katimbang kaliyan guru-guru wonten ing Gunung Kidul DIY.</p>

TABEL SALAJENGIPUN

	<p>a. Sindiran kangge Aparat</p>	<p>Aparat kudu nglaksanakaken program pamerentah kanthi trep</p>	<p>(+)Kepala LP Cipinang dicopot, amarga nyediani kamar “asmara”.</p> <p>(-)Nyewa pira wae gelem.</p> <p>(DL/43)</p> <p>Tembung “Nyewa pira wae gelem” menika ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> sindiran kangge pegawai pemerintah inggih menika kepala LP Cipinang ingkang ngawonten aken program ingkang boten trep kaliyan program pamerentah.</p>
	<p>b. Sindirang kangge PARPOL</p>	<p>Buktike nek PKS partai bersih</p>	<p>(+)PKS arep njaluk ganti rugi mergo KPK salah ngrampas mobile LHI sing ora gandheng ceneng kasus suap LHI.</p> <p>(-)Pasang sungut.</p> <p>(DL/18)</p> <p>Tembung “Pasang sungut” ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> sindiran kangge PKS ingkang nyuwun ganti rugi mergo KPK salah ngrampas mobile LHI ingkang boten gandeng kaliyan kasus suap.</p>

TABEL SALAJENGIPUN

	c. Sindiran kangge ORMAS	FPI kedhah tertib nalika sweaping papan - papan maksiyat	<p>(+)FPI sing tansah ngadani sweaping ing papan-papan maksiyat kanthi brutal, kena sangsi “tegaran”.</p> <p>(-) Mesti ora kapok. (DL/42)</p> <p>Tembung “mesti ora kapok” ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> sindiran kangge FPI ingkang sweaping papan maksiyat kanthi brutal lan boten kapok nalika sampun angsal sangsi teguran.</p>
	d. Sindiran kangge KPK	KPK kedhah sengkup mbrantas korupsi lan ampun nguciwakaken	<p>(+)Ketua KPK Abraham Samad dikadhoni pembalut lan penganggo jeroaning wanita supaya sengkup mbrantas korupsi.</p> <p>(-) Lewih sengkup yen kadhone wanita ayu-ayu. (DL/04)</p> <p><i>Implikatur</i> sindiran: ketua KPK Abraham Samad dipunkadhoni jeroaning wanita supados sengkup mbrantas korupsi tambah langkung sengkup malih nalika kadhonipun wanita ayu-ayu.</p>
2	Kritikan a. Kritikan kangge pamerintah	Pemerintah kedhah ngirangi utang luar negeri indonesia	<p>(+) Utange indonesia saiki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka sasi desember 2012.</p> <p>(-) Kendel utang. (DL/01)</p>

TABEL SALAJENGIPUN

			<p>Tembung “Kendel utang” menika ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> kritik kangge pemerintah ingkang asring sanget kendel utang nadyan utangipun indonesia sampun kathah.</p>
	<p>b. Kritikan kangge DPR</p>	<p>DPR kedhah mbuktikaken nalika pro kaliyan rakyat</p>	<p>(+)Ing tengahing pro lan kontrane DPR ngesahake RUU keormasan dadi UU.</p> <p>(-)DPR cen dudu wakile rakyat.</p> <p>(DL/26)</p> <p>Tembung “DPR cen dudu wakile rakyat” menika ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> kritikan ingkang dipunaturaken kangge DPR nalika ngesahaken RUU dados UU kathah pro saha kontranipun.</p>
	<p>c. Kritikan kangge KPK</p>	<p>Kinerja KPK kedhah dipuntingkatakaken anggenipun mbantas korupsi ingkang sampun ngrugiaken nagari</p>	<p>(+)KPK wis kiprah 10 taun nanging korupsi tetep durung suda.</p> <p>(-)Malah ngambra-ngambra.</p> <p>(DL/29)</p> <p>Tembung “malah ngambra-ngambra” ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> kritikan kangge KPK ingkang boten sengkut nangani masalah korupsi lan malah saya ngambra-ngambra.</p>

TABEL SALAJENGIPUN

	d. Kritikan kangge Aparat	Polisi minangka aparat negara kedhah paring tuladha ingkang sae kangge masyarakat	(+)Sidang pengadilan kasus simulator SIM kawiyak Rp 4 M kanggo polisi Senayan. (-)Rusak- rusak. (DL/06) Tembung “Rusak-rusakan” ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> kritik ingkang dipunaturaken kangge polisi ing senayan ingkang korupsi kasus simulator SIM
3	Saran	Aparat supados nanggulangi kriminalitas nalika ngadepi lebaran	(+)Ngadhepi lebaran, kriminalitas mundhak tur klebu nekad. (-)Kudu ditanggulangi. (DL/40) Tembung “kudu ditanggulangi” ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> saran inggih menika paring saran supados kasus <i>kriminalitas</i> ingkang kalebet nekad nalika ngadhepi lebaran kedhah dipuntanggulangi.
4	Pangajab	Pamerentah DIY kedhah dadosaken jogja istimewa wonten ing sedaya bidang.	(+)Tata kelola pamerentah DIY bijine paling becik se-Indonesia. (-)Nadyan bijine durung istimewa. (DL/08) Tembung “Nadyan bijine durung istimewa” ngandharaken ginanipun <i>Implikatur</i> kangge pangajab supados tata kelola pemerintahan DIY supados langkung tambah sae lan istimewa.

B. Pirembagan

Pirembagan *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 menika badhe ngrembag *implikatur-implikatur* ingkang kaserat wonten ing sentilan-sentilan wacana *Dhat Nyeng*. *Implikatur* inggih menika sedaya ingkang kaandut wonten ing salebeting panganggening basa kanthi *aktual* saha leres. *Implikatur* gadhah gayutanipun kaliyan maksud penutur ingkang trep kaliyan konteks wacana.

Wacana *Dhat Nyeng* inggih menika wacana wonten ing kalawarti ingkang ngrembag salah satunggaling kajian tartemtu utawi ngrembag bab kadadeyan padintenan wonten ing masyarakat. Salajengipun dipunparingi komentar-komentar, komentar ingkang kaserat wonten ing wacana *Dhat Nyeng*, inggih menika tanggapan kanthi ginanipun paring *simpati*, *kesetujuan* saha *keprihatinan*.

Komentar utawi sentilan-sentilan ingkang dipunandharaken saha gadhah gayutan kaliyan ginanipun tembung *implikatur* wonten ing *kalawarti Dhat Nyeng* boten namung salah satunggaling tuturan ingkang dipunmanfangataken kangge *modus kalimat*, nanging komentar-komentar menika ngandut *implikatur*. *Implikatur* ingkang kaserat wonten ing sentilan wacana *Dhat Nyeng* dipunandharaken wonten ing pirembagan ing ngandhap menika.

1. Sindiran

Sindiran menurut KBBI(kamus besar bahasa indonesia) inggih menika mengkritik (*mencela atau mengejek*) tiyang kanthi boten langsung utawi boten terus terang. Wonten ing wacana *Dhat Nyeng* komentar-komentar utawi sentilan-sentilan ingkang ngandhut sindiran kathah dipunmanfangataken dening redaktur

kangge damel komentar ingkang adhedhasar pawarta ingkang kaserat. Komentar wonten ing wacana *Dhat Nyeng* gadah ginanipun sindiran antawisipun dipunaturaken kangge pihak-pihaktartemtu, kadosta pamerentah utawi pejabat, DPR, KPK, Aparat, parpol, saha ormas. Ing ngandhap menika ngandharaken *implikatur* sindiran wonten ing wacana *Dhat Nyeng*:

a. Sindiran kangge pamerentah

Komentar-komentar utawi sentilan wonten ing wacana *Dhat Nyeng* inggih menika salah satunggaling *ekspresi* saking *redaktur* ingkang limrahipun dukung kangge kabetahan masyarakat. Data-data wonten ing ngandhap menika tuladhanipun sentilan-sentilan wacana *Dhat Nyeng* ingkang ngandhut sindiran saha ingkang utami inggih menika sindiraken ingkang dipunaturaken kangge pihak pamerentah.

1. (+) Meh kabeh dalam jalur mudik lebaran rusak, lagi sengkut didandani
(-) **pemudik kudu sabar** (DL: 34)

Saking data wacana wonten ing nginggil menika kaperang saking elemen situasi saha elemen sentilan. Elemen situasinipun inggih menika: “Meh kabeh dalam jalur mudik lebaran rusak, lagi sengkut didandani” kahanan wonten ing wacana menika nalika margi ingkang dipunginakaken mudik lebaran rusak, saha saweg dipundandosi dening dinas pekerjaan umum supados saged dipunginakaken dening para pemudik ingkang badhe wangsul ing griyanipun piyambak-piyambak. Ananging saking pawarta menika medal sentilan utawi tanggapan awujud tembung “pemudik kudu sabar”

Sentilan awujud ukara “pemudik kudu sabar” inggih menika ukara ingkang ngandhut sindiran. Ukara menika dipunandharaken gadah maksud kangge

nyindir utawi *nyemooh* para menteri nglemer anggenipun dandosi margi ingkang asring dipunginakaken dening pemudik kangge mudik wonten ing griyanipun piyambak- piyambak. Nalika mudik menika asring kathah kecelakaan amarga margi ingkang dipunginakaken pemudik rusak saha dereng didandosi dening pamerintah.

Wacana ing nginggil menika menawi dipuntingali kanthi *satuan lingualipun* ngandhut ginanipun *implikatur*, inggih menika kangge *nyindir* ingkang dipunaturaken kangge pejabat pamerintah khususipun inggih menika menteri. Adhedhasar konteks menika, mula implikasi saking sentilan ingkang awujud ukara tembung “pemudik kudu sabar” gadah maksud menawi menteri kedah sengkut anggenipun dandosi margi ingkang rusak wonten ing daerah kota dumugi daerah desa. Menapa malih margi ingkang asring dipunginakaken dening para pemudik kangge mudik wonten ing kampung halaman piyambak-piyambak saha saged rahayu raharja anggenipun dugi wonten ing griyanipun piyambak uga slamet ngantos wangsul malih wonten ing kuta menik.

Saking konteks wacana ing nginggil menika saged dipunangsal *Implikasi perlokasi* utawi *tumindaking implikatur* inggih menika para menteri kedah sengkut anggenipun dandosi margi ingkang asring dipunginakaken kangge jalur mudik.

b. Sindiran kangge DPR

2. (+) Ing Gunung Kidul DIY, bayaran guru PAUD Rp 25.000 GTT Rp 100.000

(-) **dadi anggita DPR wae** (DL:39)

Saking data wacana ing nginggil menika elemen situasinipun inggih menika “ing Gunung Kidul DIY, bayaran guru PAUD Rp 25.000 GTT Rp 100.000”. kahanan wonten ing wacana menika ngandharaken nalika gaji ingkang dipunangsal dening para guru-guru PAUD saha GTT teksih katingal alit sanget saha *berbanding berbeda* kaliyan kahanan menapa ingkang wonten ing kota-kota khususipun ibukota Jakarta. Kahanan menika angsal tanggapan saking redaktur inggih menika awujud ukara “dadi anggita DPR wae”.

Sentilan ing nginggil inggih menika salah satunggaling sindiran kangge DPR. Wonten bab menika redaktur paring sindiran utawi *ejekan* kanthi boten langsung. Gajinipun anggita DPR menika katingal kontras sanget kaliyan gajinipun guru PAUD utawi GTT ingkang wonten ing Gunung Kidul. Menawi dipuntingali saking Kinerjaipun DPR kathah ingkang mlorot wonten ing taun menika, saha kathah ingkang aktif wonten ing njawi DPR. Amarga menika taun politik kathah ingkang kampanye kangge persiapan pemilu DPR ingkang badhe dipunkalaksanan wonten ing taun 2014. Mula para anggota DPR sami kampanye wonten ing dapil piyambak-piyambak Supados angsal suara ingkang kathah saking masyarakat saha saged dipunpilih malih dados anggota DPR.

Sentilan awujud ukara “dadi anggita DPR wae” ing nginggil menawi dipuntingali kanthi *satuan lingualipun* ngandut *implikasi* sindiran. *Implikasi perlokasi* utawi tumindak ing *implikaturipun*ipun inggih menika, gajinipun guru kedhah mundak amarga guru inggih menika sampun dados salah satunggaling pahlawan wonten ing pagesangan kita sedaya. anggota DPR kedhah nyonto guru menika menawi dipuntingkataken lan ampun mentingaken kepentingan piyambak

utawi golongan tartemtu sanajan taun politik inggih menika kangge kampanye persiapan pemilu 2014. Buktike yen anggita DPR pantes angsal gaji ingkang langkung inggil katimbang gaji guru GTT saha PAUD

c. Sindiran kangge aparat

3. (+)Kepala LP Cipinang dicopot, amarga nyediani kamar “asmara”

(-)Nyewa pira wae gelem(DL:43)

Saking konteks wacana ing nginggil menika kepala LP Cipinang dipuncopot jabatanipun amarga ngawontenaken program ingkang boten gayut kaliyan peraturan pamerintah, inggih menika ngawontenaken program unggulan nyediakaken kamar asmara kangge para napi. Saking konteks menika angsal komentar utawi sentilan saking redaktur kalawarti inggih menika “Nyewa pira wae gelem”.

Komentar utawi sentilan ing nginggil menika menawi dipuntingali kanthi *satuan lingualipun* kagolong nagndhut ginanipun *implikatur* sindiran. Inggih menika sindiran kangge aparat negara inggih menika kepala LP ingkang kanthi boten langsung. Wonten ing kahanan menika kepala LP dipuncopot jabatanipun ngawontenaken program nyediaaken kamar asmara kangge para napi ingkang dipunukum wonten ing lembaga pemsarakatan Cipinang menika. Program menika boten trep kaliyan peraturan pamerintah ingkang limrahipun bilih LP menika wadah utawi griya kangge ngukum tiyang ingkang jahat saha damel tiyang supados kapok anggenipun damel salah tur saged mantun saha boten ngurangi kalepatan ingkang dipundamel kados kala wingi malih.

Sentilan ingkang awujud “Nyewa pira wae gelem” inggih menika sindiran sopados aparat inggih menika kepala LP kedah nglaksanaaken peraturan pamerentah kanthi trep kaliyan aturan ingkang jumbuh kaliyan peraturan ingkang dipundamel dening pamerentah. Menika boten namung gunten untung kangge piyambakipun kemawon saking program ingkang dipundamel dening kepala LP menika ananging menika sampun kuwajiban minangka aparat pamerentah supados damel kasejahteraan wonten ing masyarakat saha saenipun supados para aparat boten *menyalahgunakan fasilitas* ingkang wonten ing LP menika.

Saking konteks wacana ing nginggil menika saged dipunangsal bilih tumindak ing *implikatur* utawi *Implikasi perlokusipun* inggih menika Aparat kudu nglaksanakaken program pamerentah kanthi trep.

d. Sindiran kangge KPK

4. (+) Ketua KPK Abraham Samad dikadhoni pembalut lan penganggo jeroaning wanita supaya sengkup mbrantas korupsi.
(-) **Lewih sengkup yen kadhone wanita ayu-ayu(DL:04)**

Kahanan saking konteks wacana ing nginggil menika ketua KPK Abraham Samad ingkang dipunkadhoni pembalut saha panganggening jeroaning wanita supados sengkup mbrantas korupsi. Kahanan menika angsal komentar saking redaktur kalawarti inggih menika “lewi sengkup yen wanita ayu-ayu”

Sentilan ing nginggil menika menawi dipuntingali saking *satuan lingualipun* inggih menika ngandhut salah satunggaling ginanipun *implikatur* sindiran, inggih menika sindiran kangge KPK. Wonten ing bab menika ketua KPK Abraham Samad dipunkadhoni pembalut saha panganggo jeroanipun wanita supados sengkup mbrantas korupsi, korupsi inggih menika salah satunggaling

perkawis ingkang kedhah dipunbrantas wonten ing bangsa menika. Amarga sampun ngrugiaken bangsa menika ngantos trilyunan rupiah. KPK minangka piranti negara ingkang gadhah tugas mberantas korupsi nalika nglaksanakaken padamelanipun asring pinanggih kaliyan godaan, salah satunggalipun inggih menika kados suap dhateng anggota KPK.

Sinten kemawon ingkang korupsi kedah dipunadili saha dipunukum awrat sanget supados tiyang ingkang korupsi kapok nglaksanaaken korupsi malih. sanesipun KPK uga ampun gampil dipunsuap dening koruptor anggenipun nglaksanakaken mbrantas korupsi. Sentilan ingkang awujud “lewih sengkup yen wanita ayu-ayu” inggih menika sindiran kangge KPK ingkang kinerjanipun dereng trep kaliyan limrahipun. Inggih menika tesih kirang sengkup mbantas korupsi, menapa malih korupsi ingkang dipunlaksanakaken dening para pejabat-pejabat ingkang inggil. Kathah pejabat ingkang korupsi ngginakaken *politik uang* utawi suap kangge para aparat kepolisian saha uga hakim supados boten dipunukum awrat.

Saking konteks wacana ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih tumindaking *implikatur* utawi Implikasi perlokusnipun inggih menika KPK dipuntuntut kedhah sengkup ngadepi koruptor. Nadyan kathah godaan ingkang badhe dipunpanggihi anggenipun nglaksanaaken tugas menika.

e. Sindiran kangge parpol

5. (+)PKS arep njaluk ganti rugi mergo KPK salah ngrampas mobile LHI sing ora gandheng ceneng kasus suap LHI
- (-)Pasang sungut(DL:18)

Saking konteks wacana ing nginggil inggih menika ngandharaken nalika PKS badhe nyuwun ganti rugi amarga KPK lepat ngrampas mobil LHI ingkang boten gadhah gayutanipun kaliyan kasus suap impor daging ingkang *dituduhkan* kangge LHI menika. Wasekjen PKS ngandharaken institusi tindak kejahatan korupsi menika sampun ngrugiaken partainipun. Awit saking menika, jumbuh kaliyan peraturan KPK mula KPK kedhah gantos rugi. Miturut Wasekjen, sikap KPK anggenipun mbrantas korupsi sampun nyalahi aturan. Amarga KPK sampun bertindak sewenang-wenang tanpa adhedhasar piranti bukti ingkang kiat. Kahanan menika angsal tanggapan saking redaktur kalawarti ingkang awujud “Pasang sungut”

Sentilan ing nginggil menika menawi dipuntingali saking konteks lingualipun inggih menika ngandhut salah satunggaling ginanipun *implikatur* sindiran. Inggih menika sindiran kangge parpol inggih menika parpol PKS. Wonten ing bab menika redaktur paring sindiran utawi ejekan kanthi boten langsung. Saking perkawis nalika PKS minangka partai ingkang mbiwarakaken partai bersih saking suap menapa malih korupsi lan sesuai kaliyan syareat islam menika badhe nyuwun ganti rugi amarga KPK lepat ngrampas mobil LHI ingkang boten gadhah gayutanipun kaliyan kasus suap impor daging ingkang dipunaturaken kangge LHI. Wonten ing bab menika ngandharaken supados citra saking partai menika mboten rusak mula PKS Badhe nglindungi para anggotanipun ingkang kening perkawis babagan impor daging sapi. Salah satunggalipun inggih menika kartingal kanthi ukara “pasang sungut”.

Sentilan awujud pasang sungut, wonten ing konteks menika ngandhut *implikatur* sindiran. Inggih menika sindiran kangge PKS ingkang ngandharaken salahsatunggaling partai bersih lan boten badhe nampi suap saking sinten kemawon badhe *nglindungi* anggitanipun ingkang kenging perkawis kasus suap.

Saking kontek wacana ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih tumindak ing *implikatur* utawi Implikasi perlokusipun inggih menika, Buktike nek PKS partai bersih.

f. Sindiran kangge ormas

6. (+)FPI sing tansah ngadani sweping ing papan-papan maksiyat kanthi brutal, kena sangsi “teguran”
(-)Mesti ora kapok(42)

Saking kahanan ing nginggil menika dipuntengeri menawi FPI ingkang tansah ngadani sweaping ing papan-papan maksiyat kanthi brutal, angsal sangsi “teguran” saking pawarta kala wau kahananipun nggambaraken nalika asring sanget anggota FPI ingkang sweaping papan-papan ingkang maksiyat kathi ngginakaken kekerasan lan tinuju brutal menika angsal sangsi teguran. Surat teguran menika dipunparingaken kangge anggita FPI kangge wujud pembinaan ormas dening pamerintah. Sanksi menika dipunparingaken kangge anggita FPI ingkang gadhah gayutanipun kaliyan tindakan FPI ingkang nganggu ketertiban saha keamanan nalika bentrok FPI kaliyan warga kecamatan Sukorejo, kabupaten Tegal Jawa Tengah.

Kadadeyan menika kapurwakan saking satunggal dinten saderengipun. Dinten rebo(17/7/2013) siang, masa FPI nglaksanakaken sweaping ing lokasi sarem saha panggenan hiburan sanes ing kecamatan Sukorejo. FPI dugi kanthi niti

tiga mobil. Wonten ing aksi menika lokalisasi saha panggenan hiburan dipunrisak. Wonten ing tengahing sweaping menika, wonten bentrok warga setempat kaliyan anggita FPI. Warga paring perlawanan dhateng tumindak masa FPI saha ngrisak salah satunggal mobil ingkang dipunginakaken dening masa FPI wonten ing Bundaran Sukorejo. Menapa malih menika sasi puasa, para manungsa kedhah njagi hawa saha nepsunipun. Nalika wonten syariat sedaya maksiyat kedhah dipunbrantas nanging saenipun boten ngginakaken kekerasan lan kanthi cara alus kemawon. Saking kahan menika redaktur dhat nyeng lajeng paring komentar saking bab menika “mesti ora kapok”

Sentilan ing nginggil menika “mesti ora kapok” nalika dipuntingali saking satuan lingualipun ngandhut ginanipun implikatur awujud sindiran. Inggih menika sindiran ingkang dipunaturaken kangge ormas inggih menika FPI. Wonten ing bab menika redaktur paring sindiran utawi ejekan kanthi boten langsung kangge FPI. Sampun dados citra saking FPI anggenipun brantas papan maksiyat ngginakaken kekerasan lan tumuju brutal.

Saking konteks wacana ning nginggil menika saged dipunpundhut dudutanipun bilih tumindak implikatur utawi Implikasi perlokusipun inggih menika FPI kedah tertib anggenipun sweping papan-papan maksiyat.

2. Kritik

Miturut KBBI(kamus besar bahasa indonesia) kritik inggih menika *kecaman* utawi tanggapan, saha biasanipun dipunparingi uraian utawi

pertimbangan sae saha lepatipun nalika ngandharaken saha kangge salah satunggaling kasil karya utawi pendapat. Sanajan ngandhut *implikatur* sindiran, sentilan wacana *Dhat Nyeng* uga ngandhut kritikan ingkang gadah ancas kangge paring kritikan kangge pihak-pihak tartemtu. *Implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyeng* inggih menika kaperang dados kritikan kangge pamerentah, kritikan kangge DPR, kritikan kangge KPK, kritikan kangge parpol, kritikan kangge ormas. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pirembaran *implikatur* kritikan.

a. Kritik kangge pamerentah

7. (+) Utange Indonesia saiki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka sasi desember 2012.
(-) **Kendel utang(01)**

Kahanan saking konteks wacana ing nginggil inggih menika babagan kinerja saking pemerintah. Pemerintah menika utang dhateng bank dunia ngantos Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saking sasi Desember 2012. Saking kahanan menika redaktur paring komentar utawi sentilan kanthi basa ingkang ngandhut kritikan kangge pamerentah khususipun kangge kebijakan kados kahanan wacana menika.

Sentilan ingkang awujud ukara “kendel utang” saking konteks menika menawi dipuntingali saking konteks lingualipun inggih menika ngndhut ginanipun *implikatur* kritik, inggih menika teguran kangge kebijakan pamerentah ingkang kendel utang nadyan utangipun indonesia menika sampun kathah inggih menika menika mundhak 48 trilyun saking sasi Desember 2012. Total utang pamerentah menika kaperang saking utang jangka pendek ingkang cacahipun Rp 266,14

trilyun saha utang jangka panjang ingkang cacahipun 1.890,75 trilyun. Mula pamerentah ampun kathah utang amarga saged ngrugiaken nagari Indonesia menika.

Implikasi perlokusnipun inggih menika pamerentah dituntut ngirangi utang luar negeri Indonesia lan saged manfangataken kekayaan alam Indonesia kangge kebutuhan nagari Indonesia khususipun.

b. Kritik kangge DPR

8. (+) Ing tengahing pro lan kontrane DPR ngesahake RUU keormasan dadi UU
(-) **DPR cen dudu wakile rakyat**(DL:26)

Kahanan utawi konteks wacana ing nginggil inggih menika babagan kinerja DPR. DPR ingkang ngesahaken RUU keormasan dados UU wonten ing tengahing pro lan kontra saking babagan menika. Pirembagan RUU ormas ing rapat paripurna DPR kalaksanan kanthi alot. Salajengipun dipunlaksanakaken voting kangge mundhut kaputusan. Saking 361 anggita DPR ingkang rawuh, 311 anggita ndukung pengesahan UU ormas saha 50 tiyang ingkang nolak. Voting kalaksanan kanthi ricuh amarga anggita DPR *berebut interupsi*. Wonten anggita DPR ngengetaken supados anggita sanes menika kedhah tertib. Nanging boten dipunmirengaken dening anggita ingkang ricuh menika. Saking kahanana menika mendhal komentar saking redaktur kalawarti kanthi basa ingkang ngandhut kritikan kangge DPR ingkang kinerjanipun sami kaliyan kahanan wacana ing nginggil.

Sentilan awujud ukara “DPR cen dudu wakile rakyat” saking konteks menika menawi dipuntingali saking *satuan lingualipun* ngandhut ginanipun

implikatur kritikan, inggih menika teguran menawi DPR menika namung mentingaken kepentingan piyambak lan golongan katimbang kepentingan ingkang saged damel kasejahteraan kangge masyarakat. Menika kathingal nalika DPR minangka wakiling rakyat ngesahaken RUU keormasan inggih menika bab ormas ingkang ngganggu katentreman utawi *kenyamanan* lan brutal anggenipun nglaksanakaken sweping ing sasi puasa menika kedhah dipunbubaraken. Wonten ing bab menika DPR namung ningali sisi negatif saking ormas ingkang katingal langkung ngginakaken kekerasan kala wau katimbang ningali saking sisi positif saking kadadeyan menika

Implikasi perlokusipun inggih menika DPR dituntut supados kedah mentingaken kepentingan masyarakat rumiyin katimbang kepentingan piyambakipun. DPR uga kedhah mbuktikaken nalika pro kaliyan rakyat.

c. Kritik kangge KPK

9. (+)KPK wis kiprah 10 taun nanging korupsi tetep durung suda
(-) **Malah ngambra-ngambra**(DL:29)

Kahanan utawi konteks wacana ing nginggil inggih menika babagan kinerja saking KPK. KPK (komisi pemberantasan korupsi) sampun kiprah 10 warsa ing Indonesia nanging korupsi tetep dereng suda. Saking kahanan menika medal sentilan kathi basa ingkang ngandhut salahsatunggaling kritikan kangge KPK khususipun kinerjanipun kados ingkang kaserat wonten ing kahanan menika.

Sentilan awujud ukara “malah ngambra-ngambra” wonten ing konteks menika menawi dipuntingali saking satuan lingualipun ngandhut ginanipun *impikatur* kritik, inggih menika teguran supados kinerja KPK saged

dipuntingkataken kangge nangkep para koruptor ingkang sampun ngrugikaken negara ngantos trilyunan. Ingkang utami inggih menika kasus korupsi ingkang ageng-ageng khususipun korupsi ingkang wonten gayutanipun kaliyan pejabat pejabat nagari menika dereng ingang dipunadili.

Kiprah komisi pemberantasan korupsi mingka lembaga ingkang nangkep para koruptor menika dipunnilai *diskriminatif* nalika ngungkap perkawis-perkawis korupsi ingkang nglibataken para pejabat nagari. KPK teksih milah-milah anggenipun nangkep para koruptor. KPK namung nangkep tersangka koruptor ingkang gadhah kekuatan politik ingkang alit. Sanesipun menawi asringipun konsultasi kaliyan presiden Susilo Bambang Yudhoyono saged ngirangi *independensi penyelidikan*. Amargaboten nutup kemungkinan samangke KPK badhe nyelidiki tiyang-tiyang wonten ing sekitar presiden.

Saking konteks wacana wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih tumindak ing *implikatur* utawi Implikasi perlokusipun inggih meika, KPK *dituntut* supados langkung *profesional* saha kinerjanipun KPK kedhah dipuntingkataken anggenipun mberantas korupsi ingkang sampun ngrugikaken nagari. supados korupsi ing nagari menika saged suda.

d. Kritik kangge aparat

10. (+) Sidang pengadilan kasus simulator SIM kawiyak Rp 4 M kanggo polisi Senayan.

(-) **Rusak- rusak** (DL:06)

Kahanan saking wacana ing nginggil inggih menika sidang pengadilan polisi Senayan ingkang *terlibat* kasus simulator SIM ingkang kawiyak dananipun

ngantos Rp 4 M. Mantan kepala korps lalulintas kepolisian RI. Inspektur Jendral Polisi Djaka Susilo dipundakwa nglaksanakaken tindak pidana korupsi saha pencucian arta ingkang gadhah gayutanipun kaliyan proyek simulator (*surat ijin mengemudi*) SIM motor saha mobil wonten ing korlantas polri warsa anggaran 2011. Kangge perkawis korupsinipun, Djaka Susilo dipundakwa sesarengan nglaksanakaken kagiatan nglawan hukum inggih menika kangge memperkaya piyambakipun, tiyang sanes.

Adhedhasar saking etangan ingkang dilaksanakaken dening KPK, kerugian nagari saking ngawontenaken proyek menika dumugi Rp 144,9 miliar, sanesipun menawi dipunetang miturut badan pemeriksa keuangan, ruginipun nagari nagtos Rp 121,3 miliar. Kahanan ingkang dipuntandai kanthi ukara “Sidang pengadilan kasus simulator SIM kawiyak Rp 4 M kanggo polisi Senayan”. Dipuntanggepi dening redaktur kalawarti sentilanipun “Rusak-rusakan”

Sentilan ing nginggil menika “Rusak- rusak” inggih menika ngandhut ginanipun implikatur kritik. Utawi *pernyataan* ingkang gadhah wos *koreksi* utawi kritikan kangge aparat pamerintah inggih menika polisi ingkang kenging kasus simulator SIM menika. Polisi minangka aparat utawi piranti ingkang limrahipun kangge mbrantas korupsi kedhahipun saged dados tuladha kangge masyarakat amarga korupsi menika boten sae lan saged ngrugikaken nagari menika ampun dipuntiru saha kedah dipunbrantas nadyan angenipun nglaksanakaken bab menika katah godaan ingkang saged ngrugiaken.

3. Saran

11. (+)Ngadhapi lebaran, kriminalitas mundhak tur klebu nekad
(-)Kudu ditanggulangi (DL:40)

Pernyataan awujud ukara “ngadhapi lebaran, kriminalitas mundhak tur klebu nekad”. Wonten ing wacana ing nginggil awujud elemen situasi, adhedhasar ukara menika kahanipun ngandharaken menawi menawi badhe lebaran kathah kriminalitas ingkang ngrugiaken masyarakat umum, kriminalitas menika mundhak saking warsa sanesipun lan kagolong nekad.

Adhedhasar ukara ing nginggil menika, sentilan ingkang dipuntandai kanthi panandha ukara“ kudu ditanggulangi”. Wonten ing konteks menika menawi dipuntingali saking satuan lingualipun nagndhut ginanipun implikatur inggih menika saran. Inggih menika gadhah maksud paring saran supados kriminalitas nalika ngadhapi lebaran ingkang kalebet nekad kedhah dipuntanggulangi merga saged ngrugikaken lan ngirangi kenyamanan kangge masyarakat. Kadadeyan menika wonten ing jakarta, perampok ingkang nglaksanakaken kejahatan nekad ngrampok griya wonten ing wayah dinten siang, tiga perampok mlebet griyaipun korban ngaku tamu. Merlina minangka tiyang ingkang gadah griya ngaturaken mlebet dhateng tiga tiyang menika amarga boten curiga.

Sesampunipun wonten ing salebeting griya merlina diantem kaliyan kayu surahipun. Nanging santi menawi rerewang wonten ing griya menika mangertos kadadeyan menika teras *berteriak* nyuwun tetulung kaliyan warga.

Tumindak *implikatur* utawi implikasi perlokusinipun inggih menika aparat kedhah siap siaga wonten ing papan ingkang rawan kaliyan kriminalitas

ingkang asring kalaksanan, lan supados nanggulangi utawi mbrantas kriminalitas nalika ngadepi lebaran kangge kenyamanan masyarakat.

4. Pangajab

12. (+)Tata kelola pamerintah DIY bijine paling becik se-Indonesia
(-)Nadyan bijine durung istimewa (DL:48)

Saking wacana ing nginggil menika ngandharaken bilih DIY propinsi ingkang gadhah keistimewaan menika tata kelola pemerintahan ingkang dipunlakoni bijinipun langkung becik se-indonesia saha saged dipuntandai kanthi ukara “tata kelola pamerintah DIY bijine paling becik se-indonesia”. DIY ngungguli propinsi jawa timur wonten ing peringkat kalih lan DKI Jakarta wonten ing peringkat kaping tiga. PGI (*Partnership Governance Index*) minangka lembaga ingkang nglaksanaaken *pemeringkatan* tata kelola pemerintahan provinsi Indonesia, salajengipun dipunlebetaken wonten ing indeks tata kelola pemerintahan Indonesia utawi *Indonesia Governance Index*(IGI).

DIY ingkang sae tata kelola pemerintahanipun katimbang provinsi sanesipun menawi dipuntingali saking *partisipasi, akuntabilitas, keadilan, transparansi, efisiensi, efektifitas, APBD, PERDA, BPK*. Daerah Istimewa Yogyakarta menika langkung sae bijinipun katimbang biji-biji saking 33 propinsi ingkang dipunsurvey menika. Menawi sentilanipun inggih menika “nadyan bijine durung istimewa”. Pernyataan menika salajengipun dipuntanggepi kanthi basa ingkang ngandharaken pangajab utawi pangajab saking wacana kala wau.

Tembung “nadyan bijine durung istimewa” menika menawi dipuntingali saking satuan lingualipun inggih menika ngandhut ginanipun implikatur pangajab.

Inggih menika ngandharaken pangajab supados nadyan biji tata kelola pemerintahan sampun sae nanging perlu kedhah dipuntingkataken malih, inggih menika dados propinsi ingkang istimewa. Sami kaliyan namanipun Daerah Istimewa Yogyakarta.

Saking konteks wacana ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih tumindak ing *implikatur* utawi *Implikasi perlokusi* saking konteks wacana ing nginggil inggih menika Pamerintah DIY kedhah dadosaken jogja istimewa wonten ing sedaya bidang.

Adhedhasar saking tabel wonten ing nginggil menika saged dipuntingali bilih *implikatur* ingkang dipunpanggihi wonten ing wacana *Dhat Nyeng kalawarti Djaka Lodhang taun 2013* ginanipun inggih menika kangge: kritik, sindiran, saran, saha pangajab. *Implikatur-implikatur* wonten ing sentilan wacana *Djaka Lodhang* dipunaturaken kangge pihak tartemtu, antawisipun sindiran ingkang dipunaturaken kangge pamerintah, DPR, Polisi, KPK, Presiden, Koruptor, Partai politik sarta sindiran kangge organisasi masyarakat.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken, saged dipunpendhet dudutan wonten ing ngandhap menika. Dudutanipun inggih menika wonten gayutanipun antawisipun menapa ingkang dipunteliti kaliyan teori *pragmatik*, mliginipun *implikatur* ingkang kathah dipunpangguhaken wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 khususipun saking edisi sasi 1 juni 2013 dumugi sasi 11 agustus 2013 ingkang ngandharaken.

1. Sentilan-sentilan wonten ing wacana *Dhat Nyeng* menika kathah ingkang ngandhut *implikatur* ingkang gadhah gayutanipun kaliyan maksud pangandika ingkang dipunjumbuhaken kaliyan konteks. Adhedhasar saking kasiling analisis, *implikatur* ingkang dipunpanggihi wonten ing sentilan-sentilan utawi komentar wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 gadhah *implikatur* ingkang manekawarni. Ginanipun *Implikatur* ingkang kaserat wonten ing wacana *Dhat Nyeng* antawisipun awujud kritikan, sindiran, saran saha pangajep-ajep.
2. Tumindaking *implikatur* saking sentilan-sentilan wacana *Dhat Nyeng* menika maneka werni, inggih menika kadosta kangge nyindir, nangggepi, ngritik

saha ngandharaken pangajab, saha ingkang pungkasan inggih menika paring simpati kangge pihak-pihak tartemtu.

Wacana *Dhat Nyeng* ngginakaken *implikatur* wonten ing sentilan-sentilan kanthi adhedhasar konteks sosial ingkang kadadayan wonten ing masyarakat. Wontenipun panganggening *implikatur* ing wacana *Dhat Nyeng* saged nedhahaken inggih menika kangge ngginakaken salah satunggaling sindiran, kritikan, ngece, saha *makian* ingkang boten asring dipunandharaken kanthi langsung.

B. Pamrayogi

Adhedhasar asiling dudutan panaliten wonten ing nginggil menika, panaliti badhe ngandharaken pamrayogi. Pamrayogi kasebut inggih menika.

1. Gayut kaliyan watesaning perkawis, paneliten *implikatur* wonten ing wacana *Dhat Nyang* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 gadhah pangajab inggih menika kangge paneliti ingkang badhe dumugi malih supados langkung sae saha langkung *spesifik* malih panalitenipun.
2. Panaliten menika namung neliti ginanipun *implikatur* saha tumindak *implikatur*, awit saking menika wonten ing panaliten sanesipun boten namung ngrembag ginanipun *implikatur* saha tumindak *implikatur* kemawon, nanging ugi neliti aspek sanesipun, kadosta ngengingi tindak tuturipun ingkang saged dipunperang dados lokusi utawi ilokusinipun.

C. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing wacana *Dhat Nyang* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 kathah ngginakaken unsur *pragmatik* mliginipun *implikatur*. Panaliten menika dipunkajengaken saged nyukani *kontribusi* kangge pendidikan, supados paraga pendidikan ingkang maos saged mangertos menapa kemawon ginanipun *implikatur* saha tumindaking *implikatur* utawi *implikasi perlokusi* ingkang kaserat wonten ing wacana *Dhat Nyeng* kalawarti *Djaka Lodhang* warsa 2013 menika.

Kangge Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY, asiling panaliten menika saged dipundadosaken ngelmi wonten ing bab *implikatur*. Kangge pamaos, asiling panaliten menika saged dipunginakaken dados *referensi* kangge panaliten sanesipun, mliginipun ingkang gadhah gayutanipun kaliyan ngelmi *kebahasaan* ingkang *kajianipun* awujud kalawarti.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan dkk. 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Astuti, R. Y. 2011. "Implikatur dalam Wacana Aneka Pojok pada Majalah *Panjebar Semangat Tahun 2010*". Skripsi. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Basa Jawa. Fakultas Basa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Chaer. A. dan Agustina, Leonie e. 2004. *Sosiolinguistik Pendekatan Awal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 2007. *Pragmatik (cetakan ke-1)*. (Alih Bahasa: Abdul Syukur Ibrahim) Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Djajasudarma, Fatimah. 2012. *WACANA & PRAGMATIK*. Bandung: PT Rafika Aditama.
- Ecols, John dan Hasasan Shadily. 1984. *Kamus Inggris-Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Ismail, Asri. (2013). *Life is education "Kalimat dan Jenisnya"*. Diakses dari http://lifeiseducation09.blogspot.com/2013/03/kalimat-dan-jenisnya_9042.html. pada tanggal 18 juli 2013, jam 12:30 WIB.
- Kridalaksana, H. 1993. *Kamus Linguistik (edisi ke -3)*. Jakarta: Gramedia PustakaUtama.
- Kusfandi, H. Purwodarsono, Abdullah. 2013. *Djaka Lodhang*. Yogyakarta: PT Djaka Lodhang Pers.
- Moleong, L.J. (1988). *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Dirjen Dikti Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan dan Tenaga Kependidikan.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- _____. 2009. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

- Mulyani, Siti. (2006). Humorologi Jawa(nomor 2). *Jurnal Kejawen*. Hlm.124-133. NARASI Yogyakarta.
- Nababan,P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik(teori dan penerapannya)*. Jakarta: Depdikbud.
- Rani, Bustanul Arifin, Martutik. 2006. *Analisis Wacana: Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian Bahasa Kedua*. Malang: Bayumedia Publishing.
- Rohmadi, Muhammad. 2010. *PRAGMATIK: Teori dan Analisis*. Surakarta. Yuma Presindo.
- Soeparno. 2002. *Dasar-dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Soeseno, Kartomiharjo. 1993. *Bahasa Cermin Kehidupan*. Jakarta: Depdikbud.
- Sudaryono. Ketaksaan dalam komunikasi verbal. katalog dalam terbitan(KDT): Telaah Basa dan Sastra, cetakan ke -1, 95-100(jakarta,1999)
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Serba Linguistik(Mengupas Pelbagai Praktik Berbaso)*. Surakarta: LPP UNS dan UNS Press.
- Tarigan, H. T. 1987. *pengajaran wacana*. Bandung: Angkasa.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia(edisi ke-3)*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wedhawati,Wiwin, Edi, Restu. 2006. *Tata Basa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: KANISIUS.
- Widyani, Nugrahaning. 2011. *Implikatur pada iklan radio di kabupaten purbalingga (suatu tinjauan pragmatis)*". Skripsi. Yogyakarta: program studi pendidikan basa jawa. Fakultas basa dan seni universitas negeri yogyakarta.
- Wojowasito.1989. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Yule, George. 2006. *Pragmatik*. (Alih bahasa: Indah Fajar Wahyuni)
Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

**LAMPIRAN 1: GINANIPUN IMPLIKATUR SAHA TUMINDAKING IMPLIKATUR WONTEN ING WACANYA DHAT
NYENG KALAWARTI DJAKA LODHANG WARSA 2013**

NO	DATA WACANA DJAKA LODHANG	GINANIPUN IMPLIKATUR						TUMINDAKING IMPLIKATUR
		SI	SA	KR	HR	PR	GJ	
		1	(+) Utange indonesia saiki Rp 2023,72 trilyun, mundhak 48 trilyun saka sasi desember 2012. (-) Kendel utang. (MDL/01-01062013)			√		
2	(+) Mbolos sidang dudu siji-sijine ukuran kinerja DPR. (-) turu ing sidang asik. (MDL/01-01062013)	√						DPR minangka wakiling saking rakyat kedhah sengkut anggenipun nyejateraaken rakyat saha ampun mentingaken kapentingan piyambakipun menapa malih kapentingan golonganipun piyambak.
3	(+)PT Freport digugat korban longsor Rp 1,1 trilyun lan supaya dibatalke kontrake (-)Kacilakaan kerja hebat (MDL/01-01062013)					√		Manajemen PT freport kedhah ningkataken keamanan kangge karyawan supados boten wonten kacilakaan kerja malih
4	(+)Ketua KPK Abraham	√						KPK kedhah sengkup mbrantas

	Samad dikadhoni pembalut lan penganggo jeroaning wanita supaya sengkup mbrantas korupsi (-)Lewih sengkup yen kadhone wanita ayu-ayu (MDL/01-01062013)							korupsi lan ampun nguciwakaken
5	(+)Glagate mbak mega ora maju capres meneh ing pemilu 2014 (-)Glagat apik kanggo Jakowi (MDL/02-08062013)					√		Kesempatan sae kangge Jakowi supados nyalon dados presiden
6	(+)Sidang pengadilan kasus simulator SIM kawiyak Rp 4 M kanggo polisi Senayan. (-)Rusak- rusak (MDL/02-08062013)			√				Polisi minangka aparat negara kedhah paring tuladha ingkang sae kangge masyarakat
7	(+)800 ewu guru se-Indonesia keganjel karya ilmiah (-)Guru cen dudu paneliti			√				Pamerintah kedhah langkung gampang anggenipun damel syarat kangge guru ingkang badhe

	(MDL/02-08062013)							
8	(+)Tata kelola pamerintah DIY bijine paling becik se- Indonesia (-)Nadyan bijine durung istimewa (MDL/02-08062013)				√			Pamerintah DIY kedhah dadosaken jogja istimewa wonten ing sedaya bidang
9	(+)Priya Budi Santoso sidak nyang LP Suka Miskin kandhang sing mligi karo koruptor (-)Nyicil pengin weruh sadurunge (MDL/03-15062013)	√						Koruptor kedhah dipuntangkep, menapa malih korupsi perkawis al- Quran
10	(+)Manut Mahfud MD, pendidikan ing Indonesia durung sekuler banget, kurang nggarap akhlak mulia, buktine 80% koruptor saka perguruan tinggi (-)Yo kuwi pandidikan sing pinunjul (MDL/03-15062013)	√						Pamerintah kedhah ngawontenaken ngelmi akhlak mulia piyambak supados wonten ing perguruan tinggi supados ngirangibibit-bibit koruptor

11	(+)Mundhake rega BBM bakal ngundhakake rerega barang liyane sing terus mundhak ngadhepi pasa lan lebaran (-)Mundhake BBM gojag-gajeg golek simpati (MDL/03-15062013)			√				Pamerintah kedhah ninjau ulang babagan badhe mundhakaken regi BBM
12	(+)Gunung kidul esih akeh guru GTT/PTT sing bayarane mung Rp 50-100 saben sasaine (-)Akibat kampanye sekolah gratis (MDL/03-15062013)			√				Pemerintah kedhah ngawasi supados boten kalaksanan kampanye sekolah bebas
13	(+)KSAD Jend Muldoko ngajak dukung moral marang 12 anggota kopasus sing kena kasus lepas cebongan (-)Proses pengadilan kudu lancar (MDL/4-22062013)				√			Polisi lan tentara kedhah ngamanaken proses pengadilan kopasus supados lancar.
14	(+)PDIP lagi nenimbang kadhere kanggo ngganti Taufik		√					Kathah anggita saking PDIP ingkang profesional nggantosi kursi MPR

	Kiemas minangka ketua MPR (-)Akeh sing profesional (MDL/4-22062013)							pasca taufik kiemas sedo.
15	(+)Ing Gunung Kidul DIY bayar guru PAUD Rp 25.000 GTT Rp 100.000 sesasi (-)Dadi anggita DPR wae (MDL/4-22062013)	√						Buktiaken menawi DPR pantes angsal gaji ingkang inggil
16	(+)Mergo kerep nonton video porno RM(52) ing kubu kalbar merwasa anake dhewe wiwit kelas 3 SD tekan kelas 1 SMP lan anak kwalone (-)Sing salah donyane, rusak (MDL/4-22062013)	√						Pamerintah kedhah ngendaliaken menapa kemawon ingkang wonten gayutanipun kaliyan babagan porno supados moral bangsa indonesia boten rusak.
17	(+)APBN P 2013 wis di sahke DPR, nanging mundhake rega BBM isih ngenteni wektu sing pas (-)Ben regane gonjang-ganjing disik	√						DPR minangka wakiling rakyat saenipun mutusaken mundhaking regi BBM supados reginipun boten gonjang-ganjing

	(MDL/5-29062013)							
18	(+)PKS arep njaluk ganti rugi mergo KPK salah ngrampas mobile LHI sing ora gandheng ceneng kasus suap LHI (-)Pasang sungut (MDL/5-29062013)	√						Buktike nek PKS partai bersih
19	(+)POLRESTA Yogya mbiwarakaken program unggulan ngawal pengamanan jenazah gratis tekan pemakaman (-)Padamu negeri, hehe (MDL/5-29062013)			√				Kedhah dipunlaksanakaken teras saha namung ampun gunten popularitas kemawon wonten ing masyarakat
20	(+)Forum honorer Indonesia perwakilan Gunung Kidul ngusulake supaya GTT/PTT sing honore mung Rp 100-200 ewu bisa nampa BLSM (-)Uga raskim lan jamkesmas (MDL/5-29062013)				√			Pamerintah kedhah damel kesejahteraan kangge para guru ingkang sampun mbiyantu kita sedaya sukses kados samenika

21	(+)Paska rega BBM mundhak para menteri dilarang lunga saka jakarta (-)Apa arep ana menteri sing diganti? (MDL/6-06072013)	√						Para menteri kedhah pro kaliyan kebijakan presiden ingkang mendhet putusan anggenipun mundhakaken regi BBM
22	(+)Mendikbud M. Nuh gendika yen akehing guru wis cukup. Nyatane daerah kekurangan guru (-)Menteri ora guru ngurus dhaerah (MDL/6-06072013)	√						Menteri kedah mangertos guru ingkang dipun betahaken wonten ing daerah piyambak-piyambak
23	(+)Mantan Menpen Harmoko kabare duwe puluhan Ha lemah ing palemahan calon bandara Kulonprogo (-)Nanging dibantah (MDL/6-06072013)	√						Kedhah dipunselidiki menapa menika kasil saking korupsi menapa boten
24	(+)Komunitas “cap lemu” Yogya arep ngadani pemilihan “mbokdhe pakdhe” se-DIY						√	Kagiyatan menika saenipun kedah dipunlestarikaken

	(-)Mung sing lemu, ayu, lucu (MDL/6-06072013)							
25	(+)Bank dunia netepake proyeksi mekaring ekonomi Indonesia 2013 suda saka 6,2% dadi 5,9% (-)Yen suhu politik saya panas (MDL/7-13072013)	√						Para politisi kedhah mirengaken kepentingan saking masyarakat miskin
26	(+)Ing tengahing pro lan kontrane DPR ngesahake RUU keormasan dadi UU (-)DPR cen dudu wakile rakyat (MDL/7-13072013)			√				DPR kedhah mbuktikaken nalika pro kaliyan rakyat
27	(+)Muhamadiyah netepake wiwit pasa Selasa 9/7/13 lan riyaya 1 syawal kemis 8/8/13 (-)Muga kabeh bareng greng (MDL/7-13072013)				√			Sami sami agamanipun Islam saenipun kedhah sesarengan anggenipun netepaken wiwit pasa saha wiwit riyaya supados katingal teratur.
28	(+)Inflasi Juni 2013 duwur dewe sakjroning 5 taun			√				Presiden kedhah mandhapkan regi BBM supados inflasi Indonesia boten

	pungkasan iki (-)Merga mundhake rega BBM (MDL/7-13072013)							inggil terus
29	(+)KPK wis kiprah 10 taun nanging korupsi tetep durung suda (-)Malah ngambra-ngambra (MDL/08-20072013)			√				Kinerja KPK kedhah diputingkataken anggenipun mberantas korupsi ingkang sampun ngrugikaken nagari
30	(+)ICW ora wedi dipulisekake atas laporane ngenani 36 caleg sing ora pro pembrantasan korupsi (-)Ngapa ndadak wedi (MDL/08-20072013)	√						ICW kedhah teras ningkataken anggenipun kritis dhateng pamerintahan samenika supados korupsi kedhah dipunkirangi.
31	(+)Lulusan SMA saiki saya akeh sing kepengin dadi guru (-)Merga nasib guru lumayan (MDL/08-20072013)					√		Pemerintah kedhah damel wadah supados lulusan SMA saged ngajar ing sekolahan
32	(+)Tekane sasi pasa, reregan barang kebutuhan padinan saya			√				Pemerintah kedhah nglaksanaaken operasi pasar supados mangertos

	<p>mumbul</p> <p>(-)Ngadhepi lebaran saya ra medhun-medhun</p> <p>(MDL/08-20072013)</p>							menapa ingkang dados perkawis ingkang purwakani reregan barang kabutuhan mundhak
33	<p>(+)Pungkasan taun iki pesawat kepresidenan jenis Boeing 787-800 wis bisa dianyari</p> <p>(-)Aman, nyaman lan tambah anggaran</p> <p>(MDL/09-27072013)</p>			√				Pamerintah kedhah alokasiaken dana menika kangge kemiskinan ingkang teksih dipunalami dening masyarakat indonesia.
34	<p>(+)Meh kabeh dalan jalur mudik lebaran rusak, lagi sengkut didandani</p> <p>(-)Pemudik kudu sabar</p> <p>(MDL/09-27072013)</p>	√						Pamerintah kedhah sengkut nanggulangi dalan ingkang rusak kangge jalur mudik lebaran.
35	<p>(+)Ngadhepi lebaran ora mung reregan sing mundhak, naging uga gangguan keamanan lan dhuwit palsu</p> <p>(-)Kudu ngati-ati tenan</p>				√	√		Aparat polisi kedhah nglaksanakaken razia kangge keamanan

	(MDL/09-27072013)							
36	(+)Omah ing patangpuluhan Yogya sing tau kanggo ndelik Bung Karno bisa dituku pemerintah, dadi cagar budaya (-)Ngandhut sejarah penting (MDL/09-27072013)				√			Pemerintah kedhah nglestariaken tetinggalan sejarah ingkang gadhah gayutanipunkaliyan peristiwa penting wonten ing jaman rumiyin
37	(+)Miturut mendigbud Muh Nuh MOS kui becik lan isih dibutuhke ing awal taun ajaran (-)Nanging ora perlu kekerasan (MDL/10-03082013)		√					Pemerintah uga kedhah ngawasi mos supados boten wonten kekerasan nalika dipunlaksanakaken
38	(+)Ucapan ketua FPI Habib Rizieg sing ngunekake presiden SBY pecundang nampa reaksi saka kalangan istana (-)Apa tau dipecundangi? (MDL/10-03082013)	√						Presiden SBY kedhah buktiaken menawi piyambakipun sanes pecundang
39	(+)Kinerja DPR taun iki mlorot, akeh sing aktif ing njaba DPR	√						DPR mingangka wakiling saking rakyat kinerjanipun kedhah dipuntingkataken anggenipun damel

	(-)Lha taun politik, persiapan 2014 (MDL/10-03082013)							kesejahteraan wonten ing masyarakat
40	(+)Ngadhepi lebaran, kriminalitas mundhak tur klebu nekad (-)Kudu ditanggulangi (MDL/10-03082013)		√					Aparat supados nanggulangi kriminalitas nalika ngadepi lebaran
41	(+)Geger antarane pendukung presiden Mursi sing dilengserake lan pemerintah militer saya rame (-)Ora peduli sasi pasa (MDL/11/12-10082013)			√				Presiden mursi kedhah mentingaken kapentingan rakyat katimbang kapentingan piyambakipun, supados boten katah korban malih saking bentrok menika
42	(+)FPI sing tansah ngadani sweping ing papan-papan maksiyat kanthi brutal, kena sangsi “teguran” (-)Mesti ora kapok (MDL/11/12-10082013)	√						FPI kedhah tertib nalika sweaping papan - papan maksiyat

43	(+)Kepala LP Cipinang dicopot, amarga nyediani kamar “asmara” (-)Nyewa pira wae gelem (MDL/11/12-10082013)	√						Aparat kudu nglaksanakaken program pamerintah kanthi trep
44	(+)Mudhik lebaran, laluke ing dalan rekasa kaya disiksa (-)Nanging ora kapeksa (MDL/11/12-10082013)					√		Pemudik kedhah sabar

Keterangan:

- SI : sindiran
- SA : saran
- KR : kritik
- HR : harapan
- PR : pernyataan
- GJ : gojeg

